**O’zbekistan Respublikası Xalıq Bilimlendiriw Ministrligi**

**A’jiniyaz atındag’ı No’kis Ma’mleketlik Pedagogika İnstitutı**

**Tariyx fakul`teti**

**Tariyx kafedrası**

**4-a kurs tariyx bakalavr ta’lim bag’dari talabasi**
**GULIMBETOV RUSLANBEK NIZAMATDINOVICH**

**Tema: «O’zbekistan Respublikasinda kino xizmetin ko’rsetiw tariyxi»**

**(XX-a’sir ekinshi yarimi)**

**degen temada jazg’an**

# PİTKERİW QA'NİYGELİK JUMISI

**İlimiy basshı:**
**tariyx ilimleri kandidatı**
**dotsent :Axmetshin R.Sh**

**No’kis-2014 jıl.**

Pitkeriwshi talaba Gu’limbetov Ruslanbektin’ «O’zbekistan Respublikasinda kino xizmetin ko’rsetiw tariyxi» (XX-a’sir ekinshi yarimi) temasindag’i bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumisi tariyx kafedrasinin’ 2014-jil___may ku’ni _______sanli protokoli menen ma’mleketlik attestatsiya komissiyasina qorg’awg’a jiberiwge usinis etildi.

**Tariyx kafedrasi basligi: A.Saribaev**

Pitkeriwshi talaba Gu’limbetov Ruslanbektin’ «O’zbekistan Respublikasinda kino xizmetin ko’rsetiw tariyxi» (XX-a’sir ekinshi yarimi) temasindag’ bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumisi 2014-jil___may ku’ni instituti rektorinin’_____sanli buyrig’i menen ma’mleketlik attestatsiya komissiyasina qorg’awg’a jiberildi.

Ma’mleketlik attestatsiya komissiysinin’qarari menen Gu’limbetov Ruslanbek bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumisi_______ ballg’a bahalandi.

**Tema:O’zbekistan Respublikasında kino xızmetin ko`rsetiw tariyxı (XX -a`sir ekinshi yarımı)**

# Mazmunı.


**Kirisiw……………………………………………………………4-11**

**I-bap O’zbek’istanda kino xızmetin ko`rsetiudin’ tariyxıy rawajlanıwı (XX-a’sirdin’ 50-60- jıllarında)**

**1.1 O’zbek’istanda kino teatrlardın’ qaliplesiwi ha’m ma’deniy turmıstag’ı ornı. (50- jıllar)………………….12-27**

**1.2 Xalıqqa kino ko`rsetiw tarawları XX a`sirdin` 60-jıllarında ……………………………………………….28-37**

**2-bap . O’zbek’istan kino xızmeti XX-a`sirdin` 70-90-jıllarında**

**2.1. O’zbekistan kino tarmaqlarının’ 70- 80-jıllarda rawajlanıwı………………………………………………38-49**

**2.2. G`a`rezsizlik jıllarında kino ko`rkem o`neri……........50-60**

**Juwmaqlaw……………………………………………..61-64**

**A`debiyatlar dizimi ……………………………………..65-66**

**Qosimshalar . ………………………………………….67-72**

# Kirisiw

O’zbekistan xalqları ruwxıy manawiyat, ma`deniy jaqtan jetik insanlardı tarbiyalawdı maqset etip qoyg’an. Bizin’ ma`mleketimiz o’zinin’ ma’nawiyatı menen ullı. Ma`mleketimiz xalıqları tek g`ana ruwxıylıg`ı menen ku`shli bolıp ha'r tarepleme rawajlanıp barmaqta. Prezidentimiz İslam Karimovtın’ miynetlerinde manawiyat, ma’deniyat, ko’rkem o’ner, milliy qa’diriyatlarımızdın’ ku’ta a’xmiyetli tareplerin ashıp beredi. Xalqımızg’a ma`deniy xızmet ko`rsetiw salasında kinonın` miyneti og`ada u`lken. «En’ galaba iskusstvo tu’ri bolg’an kino salasın alatug’ın bolsaq,oz waqtında bul boyınsha bizde o’zine ta’n mektep jaratılg’anın qanaatlanıwshılıq penen atap o’tiw lazım».(1)- dep ko’rsetedi O’zbekistan Respublikası Prezidenti İslam Karimov.

Mine bir a`sirden aslam da`wir ishinde kino insaniyattın` ruwxıy baylıqların bayıtıwı ushın xızmet etpekte. O’zbekistan xalqları o`zinin` ko`p mın` jıllıq ruwxıylıg`ı, ma`deniyatı, ilim- ta`rbiya, a`debiyatı, ko`rkem o`nerinin` tariyxıy tamırlarına iye. Sol uzaq jıllıq tariyxımızdın` XX- a`sir insaniyat tariyxındag`ı ju’da quramalı, o`zine ta`n ha`m ha`r tu`rli waqıyalardın` o`zgesheliklerine iye da`wiri bolg`anlıg`ın ilimpazlarımız moyınlap ta`n almaqta. O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasının` XX-a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı 50-90 jıllarda sotsiallıq, ekanomikalıq, bilimlendiriw, ma`deniyat, ko’rkem o’nerde qıyınshılıqlar ha`m rawajlanıwda bir qansha o`zgerisler bolıp o’tedi.

Garezsizlik jıllarında O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` «O`zbekkino» ma`mleketlik – Aktsionerlik Kompaniyasın du`ziw haqqındag`ı 1996 jıl 29 aprel`degi Parmanı ha`m O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` usı ma`sele boyınsha 1996- jılı 12 -iyul`degi qararı respublikamızda milliy kinonı rawajlandırıw, xalıqqa kino-video ko`rsetiw tarmaqların jaqsılaw ha`m xalqımızdın` ruwxıy baylıqqa ıqtıyajların qanaatlandırıw jolında u`lken tariyxıy hu`jjet boldı. Usı joqarıda atı atalg`an qararlarg`a muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası kinolastırıw ha`m kinonı greyge beriw basqarması, «Qaraqalpaq

1) Karimov I.A . Joqari ma’na’wiyat jen’ilmes ku’sh. Tashkent : Ma’na’wiyat. 2008-145 bet.

fil`m» kinostudiyası ja`ne Qaraqalpaqstan kinomotografshılar awhamı tiykarında «Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik-Aktsionerlik Kompaniyası sho`lkemlestirildi. Qaraqalpaqstanda endi kino islep shıg'arıw mu'mkinshilikleri payda boldı. Xalıqlarımız turmısına televidenienin' kirip keliwi kinog'a bolg'an ixtiyajlardı ha'm talaplardı qanaatlandırıwda axmiyeti jane de artıp baratır.

**Bakalavr temasının` aktuallıg'ı:** XX a`sir insaniyat tariyxındag`ı juda quramalı, o`zine ta`n ha`m ha`r tu`rli waqıyalardın` o`zgesheliklerine iye da`wiri boldı O'zbekistan Respublikasında XX-a`sirdin` 50-90 jıllarinda xalıqqa ma`deniy xızmet ko'rsetiwdin' tariyxıy rawajlanıwı maselesin teren' u'yreniw, onın' ashılmag'an betlerin izertlew ku'ta za'ru'r bolıp esaplanadı .Usı da`wirlerdegi ma`deniyat, ko`rkem o`ner, xalıqqa ma`deniy ha'm kino xızmetin ko`rsetiwde burıngı Awqam da'uirinde jeke ideologiya qistawında bolg'anı da tariyxtan belgili.Bunnan tıskarı kino ko'rkem o'ner tariyxı ha'm onın' derekleri ku'ta az uyenilgeni sebepli aktwal bolg'anı ushın onı arnawlı uyreniwdi talap etedi.

**İzertlew ob`ekti ha'm predmeti.** O'zbekistanda kinoteatrlardın' XX-a'sirdin' 50-90- jıllardag'ı rawajlanıw tariyxına baylanıslı dereklerdi u'yreniw ob`ekt sıpatında alındı. Yag'nıy O'zbekistanda kino ko'rsetiw tarmakları, xalıqqa xızmet ko'rsetiw usılları, texnikalıq tamiynleniwi, kino islep shıgarıwdın' rawajlanıwı maseleleri onın' predmeti esaplanadı.

**Tiykarg`ı maqseti ha`m wazıypası;** XX- a`sirdin` ekinshi yarımında O'zbekistannın` ruwxıy-ag`artıwshılıq, xalıqqa ma`deniy ha'm kino xızmetinin' rawajlanıwın u'yreniwdi tiykarg'ı maqset etip qoydıq. Bunı orınlawdag'ı wazıypalar to'mendegilerden ibarat.

-O'zbekistanda o'tken asirdin' ekinshi yarımındagı ma`deniy turmıs, xalıqqa ma`deniyat, ko`rkem o`ner ha`m kino xızmetlerin ko`rsetiw islerininin' jag`dayı, totalitar du'zimnin' olarg'a ta'siri, is usılları ha`m metodlarına itibar qaratıw;

-Respublikada XX- a`sirdin` ekinshi yarımında ma`deniy ha`m kino ko`rsetiw mekemelerinin` tarmaqlarındag'ı jetiskenliklerin ha'm o'zgesheliklerin ashıp beriw;

-O’zbekistanda ha’m Qaraqalpaqstanda ma’deniy xızmet ko’rsetiwde kinoteatrlardin’ o`siwshiligi, qıyınshılıqları, xalıqqa kino arqalı xızmetlerinin’ mazmunın ko’rsetiw;

-Usı tema boyınsha tariyxshılardın’ jazg`an ilimiy miynetleri menen tanısıp shıg’ıw, milliy g`a`rezsizlik ideyaları ko`z qarasınan bahalaw ha`m jan`a a`debiyatlar, baspaso’zde jariyalang’an mag`lıwmatlardı paydalanıw wazıypasın qoyamız.

Ja’ne de bul bakalavr isinde garezsizlik jıllarındag’ı kino teatrlar ha’m kino islep shıgarıw ma’selerinde u’yreniw za’ru’r.

**İzertlewdin’ tiykarg’ı ma’seleleri ha’m farazı**-O’zbekistan ma’deniyatı ha’m kino ko’rkem o’nerinin’ tarmaqları, rawajlanıw o’zgeshelikleri, ma’deniy turmıstag’ı o’zgerisler, xalıqqa ma’deniy xızmet ko’rsetiwdin’ axwalı, sovet da’wiri menen g’arezsizlik jıllarındag’ı ma’deniy ozgerislerdi salıstırmalı tu’rde dereklerden uyreniu kerek . .

**Temanın’ izertleniw darejesi :** Bakalavr isi temasın tariyxtanıw ko’zqarasınan izertlep ha’m uyrenip qarag'anımızda, bul ma’selege ko’plegen avtorlar elimiz tariyxının’ XX- a’sirdin’ ekinshi yarımına tiyisli miynetlerinde tariyxıy dereklerge sholıw islegeni menen arnawlı ilimiy a`debiyat yamasa ilimiy izertlewler elede jetispeydi. Biraq jamiyetlik-siysiy, sotsiallıq ha’m ma’deniy turmıs, ko’rkem o’nerine arnalg’an ilimiy a’debiyatlarda basqa ma’seleler qatarı ma’deniyat ha’m kinoteatrlardın’ tarawları ulıwma tarizde toxtalıp, qısqa ha’m kobinese kirisiw bo’limlerinde atap o’tiledi.. Sonlıqtan u’yrenilip atırg’an mashqalamızdın’ temasına tiyisli tariyxıy dereklerdi mazmun-ma’nisleri ha’m maksetlerine karap xronologiyalık shegearasın saklagan turde eki toparga bolip uyreniudi maksetke muuapık bolar degen pikirdemiz.

Birinshiden, O’zbekistan ilimpazlarının’ baspadan shıqqan ilimiy adebiyatları ha’m izertlewler, ekinshiden Qaraqalpaqstan tariyxshılarının’ baspadan shıqqan adebiyatlar, makalalar ha’m ilimiy izertlewleri.

Ma’deniyat ha’m ko’rkem o’ner makemeleri XX- a’sirdin’ 50-90- jillarında birneshe tarawlarga bo’lindi ha’m olardın’ xalqımızg’a xızmet ko’rsetiw funktsiyasına muwapıq – kitapxanalar, muzeyler, teatrlar, kontsert sho’lkemleri, kinoteatrlar, kino ustanovkalar, klublar, madeniyat u’yleri,ma’deniy dem alıs bag’ları, avtoklublar ha’m basqalar xalıqqa ma’deniy xızmet ko’rsetti.

. Ma’deniyat,’bilimlendiriw, kinoteatrlarda ma’deniy xizmet ko’rsetiw tariyxı mashqalasın O’zbekistan alımlarınan M. Nurmuxamedova, Najimov G, Qarabaev ha’m basqalardın’ ilimiy miynetlerinde, kitaplarında , monografiyalar ha’m ilmiy maqalalarında ku’ta baxalı ma`g’lwmatlar beriledi.(1)

Atap aytqanda ilimpaz M. Nurmuxammedovanın’ miynetinde «XX –a’srdin’ 60-90- jıllarında ma’deniy- ag’artıw makemeleri awıl xalqının’ ma’deniy da’rejesin asırıwda sheshiwshi orında boldı. Awıllıq jerlerde klublar -teatr, kino teatr, muzeylerdin’ de wazıypasın bejerip otırdı. Olar madeniyat taratıu islerinde o’zine ta’n tayanısh punktleri bolıp, tiykarınan adamlardın’ bos waqtın kewillii o’tkeriw ha’m onı sho’lkemlestiriw wazıypasın orınladı. Endigi waqıtlarda olardın’ funktsiyaları jane de ken’eydi ha’m quramalastı, jumıslarında mamleketimizdin’ sotsiallıq ha’m ma’deniy turmısının’ barlıq tarawlarına itibar berile basladı».[1], dep ko’rsetedi. Avtor sol jıllardag’ı respublika ma’deniyat, kino ma’kemelerinin’ tarmaklarının o’siwshiligine itibar berip, a’sirese kadrlar maselesindegi aqwaldın’ qanaatlanarsız ekenligin to’mendegi mag’lıwmatlarda keltirip o’tedi. Klub xızmetkerlerinin’ quramın u’yrenip shıqqanımızda, 1965- jılı 2132 xızmetkerden tek g’ana 69 kisi joqarı ha’m solardın’ joqarı arnawlı mag’lıwmatqa tek g’ana 18 kisi, 174 kisi orta mag’lıwmatlı, 232 adamı arnawlı orta mag’lıwmatlı kadrlar bolıp esaplanadı . Kino tarawında da to’men darejede bolg’an edi.(1) Sonday aq kino izertlewshilerden X.Akbarovtın’ miynetinde O’zbekistan kinosının’ 1935-1965- jillarg’a tiyisli tariyxı mag’lıwmatları beriledi(2) İlimpaz A.Xasanova O’zbekistanda hujjetltli fil`mlerdi islep shıg’arıwdı analizlep beredi.(3)

[1] М. Нурмуаммедова «?збекистонда маданий-маърифий ишлар». –Т.` ?Зитувчи, qooей ro-twб-Нажимов Г.Народные традиии и культура.-Ташкент,1992.-Нишанов М.Обновление духовной жизни нации.-Ташкент.1992.2)АкбароыХ.Зрелость.30-летний путь узбекского кино.-(1935-1965г.)-Ташкент,1971.
3)Хасанова А.Узбек хужжатли киноси.-Ташкент,1971.

Bir qatar ilimpazlar O’zbek kinosının’ ataqlı tulg’aları haqqında monografiyalıq miynetler do’retti. Solardan, J. Teshabaev atakqlı kino rejisser Kamil Yarmatov haqqında, A.Xasanova Malik Kayumovtın’ do’retiwshiligi ha’m o’miri haqqında ilimiy izertlewlerin baspadan shıgaradı.(4)

«Qaraqalpaqstan ASSRı tariyxı»nın` ekinshi tomı Oktyabr` awdarıspag`ınan keyingi da`wirdi o`z ishine aladı ha`m u`sh bo`limge bo`lingen bolıp,ma`deniyat ha`m ko`rkem-o`nerge tiyisli mag`lıwmatlar 17-babında 1938-1975 jıllardı qamtıydı. Bul babında Qaraqalpaqstannın` xalqına madeniy xızmet korsetiude kino,radio xam televidenie taraularıda ulken axmiyetke iye.1940- jılı Qaraqalpaqstanda 33,1950- jılda 72 kino ustanovka bolg’an bolsa, al 1976- jılı olardın’ sanı 300 ge jetkenin atap o’tiledi.[1].

Qaraqalpaqstan tariyxshılarına akademik S.Kamalov ha’m V.V.Germanovalardın’ monografiyasında Respublikamızda kino teatrlardın’ jan’adan ashılıwı, bul tarawdın’ qaliplesiw tariyxın bir qansha tolıq tu’rde bayanlap beredi.(5)

1992-jılı belgili tariyxshı ilimpaz P. Muratovanın` «Qaraqalpaqstanda intelligentsiya kadrların tayarlaw» degen kitapshası baspadan shıqtı. İlimpaz monografiyasına «milliy intelligentsiyanın` kadrları haqqındag`ı ma`sele, onın` qa`liplesiwinin` ta`jriybesin u`yreniw ha`m juwmaqlastırıw ayrıqsha qızıg`ıwshılıqqa iye bolıp, ulıwma alg`anda milliy intelegentsiyanın` qa`liplesiwi, ilimnin`, texnikanın` ja`ne ma`deniyattın` og`ada o`siwin ta`miynleydi».dep korsetedi xam madeniy taraudagı kadrlar maselesin ashıp beredi.

. Sonday -aq tariyxshılardan- İ.Qosımbetov, U.Shalekenov, A.Panabergenov, B.Zakirov, R.Urazbaeva, P.Muratova, R.Janabaev, ha`m tag`ı basqalardın’ miynetlerinde ma`deniyat, bilimlendiriw ha`m ko`rkem o`nerine ko`birek itibar qaratıp sol tan`lag`an temaları boyınsha tariyxıy waqıyalar sa`wlelendirip beredi. Ja`ne bir ayta ketetug`ınımız biz atları atap o`tken tariyxshılardın` miynetleri

---

4.Тешабаев Ж.Камил Ерматов.-Ташкен.1964,Хасанова А.Малик Каюмов.-Ташкент,1971.

[1] Қарақалпақстан АССРы тарийхы. -том.2. Жуўаплы редактор С. Камалов ҳәм И. Қосымбетов. -Нокис.: «Қарақалпақстан». 1977. 511- бет.Камалов С.,Германова В.В.Москва-Каракаопакстан.-Нукус,Каракаопакстан,1986-стр.-112-116..-Муратова П.Каракалакстанда интеллигенця кадрлары таярлау.-Нокис.,Каракалпакстан,1992.

O`zbekstan g`a`rezsizligin alg`ang`a deyin jazılg`anlıqtan, olardın` mazmunı burıng`ı totalitorlıq ideologiya talabı ha’m jeke partiya siyasatı ta`sirinde jazılg’an edi .

İlimpaz tariyxshı Jalg`as Aytmuratovtın` «70-90 jıllardag`ı Qaraqalpaqstan ma`deniyatı: ulıwma halatı ha`m rawajlanıw bag`darları» monografiyalık miynetinde bul jıllardag`ı ma`deniyatımız tariyxının` jan`a betleri sa`wlelendirilgen. Onın` ilimiy miynetinin XX- asirdin 70-90 jıllardag`ı xalıq ta`limi intensiv rawajlanıwı u`lgisi ha`m reformalar», «70-90 jıllardag`ı ma`deniy-ag`artıw mekemeleri», «70-90 jıllardag`ı ilim, a`debiyat, ko`rkem-o`ner, ma`deniy baylanıslar» degen baplarında ken` tu`rde jarıtıladı. J. Aytmuratovtın’ miynetinde ko’rsetiliuinshe 1970-1980 jıllarda ma’deniy xızmet ko’rsetiw ma’kemelerinin tarmag’ı birqansha o’sedi. Egerde, Qaraqalpaqstanda 1970-jılı klub ma’kemeleri 229 g’a jetken bolsa, 1980-jılda olardın’ sanı 280 ge jetken edi. . Kino ustanovkalar saı 369 jerde xam 14 statsionarlık rayonlıq kino teatrlar xalkımızg’a kino ma’deniy xızmetin alıp bardı[2].

Bul ma`selege baylanıslı akademik S. Kamalovtın’ «Ma`deniyat islerinin` rawajlanıwı» (No`kis, 1978), R. Jan`abaevtın` «Qaraqalpaqstan ASSRında ma`deniy qurılıs (1961-1977)» (Moskva, 1985) kandidatlıq dissertatsiyasının` avtoreferatı monografiyalarında da xalıqqa ma’deniy xızmet ko’rsetiwdin’ ayırım mag`lıwmatları beriledi. O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstanda kino islerinin tariyxı boyınsha birqansha mag’lıwmatlardı ilimpazlardan A.Allamuratovtvn’ minetinde tolıq sawlelendirip beredi.(1) Bul ilimiy miynetinde avtor basqa ko’rkem o’ner tarawları qatarı kino doetiushiligi boyınsha, onın’ xalktın’ xalıqtın` ruwxıy turmısındag’ı ahmiyetin faktler menen ko’rsetedi. Respublikamız ma’deniy turmısında 2003- jılı baspadan shıqqan «Qaraqalpaqstannın` jan`a tariyxı» kitabı en` a`hmiyetli xa`m bahalı tariyxıy dereklerden bolıp tabıladı. Bul kitapta XIX-a`sirdin` ekinshi yarımı XX-a`sirdin` tariyxıy waqıyaları ken` tu`rde bayan etilgen ha’m kino xızmeti boyınsha qısqa mag’lıwmat beriledi(1).

[2] Ж. Айтмуратов «Развитие културы Каракалпакстана в u0-i0e годы». –Н.` Билим, qoour cer

Bizin` tan`lap alg`an temamızg`a baylanıslı a`hmiyetli dereklerden biri tariyxshı dots.R.Axmetshin " llanbası(2002j.) esaplanadı. Onda Qaraqalpaqstan miynetkeshlerine Qaraqalpaqstanda ma`deniy-ag`artıw isleri tariyxı» boyınsha kandidatlıq dissertatsiyası(1996), qatar ilimiy maqalaları ha'm metodikalıq ma`deniyat, ko`rkem o`ner, kitapxana, klub,ma`deniyat u`yleri, muzeylerdin madeniy xızmetleri haqqında mag'lıwmatlarda 1946-2000 jıllardag`ı tariyxı sa`wlesin tapqan(1).

Bunnan basqa da, Respublikamızda shıg`atug`ın gazeta ha`m jurnallardın` betlerinde bul ma`selege tiyisli ko`plep ilimiy maqalalar ja`riyalandı. Biz joqarıda tilge alg'an ilimpazlar ha'm tariyxshılar o'zlerinin' miynetlerinde kino ko'rsetiw xızmetin arnayı ilimiy izertlemese de bir qansha mag'lıwmatların atap o'tekdi.

**Xronologiyalıq shegarası** da`wiri XX-a`sirdin` ekinshi yarımı, yag`nıy 50-90 jıllar belgilendi. Biraq biz bul jumısımızda kino teatrlar ha'm kino ko`rkem o`nerinin` barlıq maselelerin tolıq sa`wlelendiriw mu`mkinshiligine iye bolmag'anlıktan onı'n xalıqqa kino xızmetlerin amelge asırıwdın' rawajlanıwı ha'm mashqalaları boyınsha tariyxıy dereklerdi uyreniwge itibarımızdı qarattıq.

**İlimiy jan`alıg`ı** retinde XX-a`sirdin` ekinshi yarımı 60-90 – jıllarda ma`deniyat ha'm kino ko'rkem o`ner tarawlarının' tariyxıy dereklerin olardın' jumısları boyınsha ko`birek mag`lıwmat beriw.

A`sirese ko`pshilik tariyxshılarımız na`zerinen shette qalıp qoyg`an xalıqqa kino ko`rsetiw isleri arqalı xızmeti kino teatrlardın` o`siwi, repertuarları ha`m materiallıq jaqtan ta`miyenleniwine kewil bo`lindi ha`m jan`a arxiv hu`jjetleri ilimiy aylanısta qollanıldı.

**İlimiy uyreniw metodlarınan:** tariyxıylıq, ilimiylik, salıstırmalı, statistikalık, sistemalı analiz, xronologiyalıq metodları ha'm usıllarınan paydalanıldı.

**Tiykarg`ı derekleri** sıpatında Prezidentimiz İ.Karimovtın` miynetleri, hu`kimet qararları, usı ma`selelerdi izertlegen tariyxshılardın` ilimiy a`debiyatları, baspaso'z materialları ha`m ayrım arxiv derekleri esaplanadı.

**Bakalavr jumısının’ a`meliy a`hmiyeti** bolıp ko`birek “O’zbekistan ma`deniyatı tariyxı”,“Ko`rkem o`ner tariyxı” pa`nleri boyınsha lektsiya materialı, oqıw qollanbalar shıg`arıwda, studentler ushın refarat, o`z betinshe jumıslar jazıwda qollansa maqsetke muwapıq keledi.

**Bakalavr jumısının quramı:** Kirisiw, tiykargı bo`lim 2 bap ha`m ha`r birinde 2 paragrafqa bo`lingen, juwmaqlaw, paydalang’an a’debiyatlardan ibarat.

Ha`zirgi waqıtta O’zbekistannın` burıng`ı ha’m jan`a tariyxın izertlew isleri ja`ne de dawam etip atır. Biz bul bakalair jumısında O’zbekistan ma`deniyatı ha`m kino teatrlardın` XX- asirdin ekinshi yarımı 50-90jıllardag`ı xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetiw boyınsha a`melge asırılg`an jumıslardın` awhalı, mashqalaları ha`m o`zgesheliklerin tariyxıy dereklerin uyreniwge itibardı qarattıq.

# I-bap O’zbekistanda kino xızmetin ko`rsetiwdin’ tariyxıy rawajlanıwı (XX-a’sirdin’ 50-60- jıllarında)

## 1.1.O’zbekistanda kino teatrlardın’ qaliplesiwi ha’m ma’deniy turmıstag’ı ornı. (50- jıllar)

Ko’p mın’ jıllıq tariyxına iye xalqımızdın` XX – asirdegi tariyxında ju’da quramalı, o`zine ta`n ha`m ha`r tu`rli waqıyalardın` o`zgesheliklerine iye da`wiri bolg`anlıg`ın ilimpazlarımız miynetlerinde sawlelendirip bermekte. O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalarının` XX-a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı sotsiallıq ekanomikalıq, ma`deniy,ko’rkem onerdegi o`zgerisler,kıyınshılıklar ha`m rawajlanıwda bir qansha alga ilgerileushilikler bolıp otedi Usı da`wirlerdegi ma`deniyat, ko`rkem o`ner, bilimlendiriu, xalıqqa ma`deniy turmıs xızmet ko`rsetiwde burıng’ı Awqam dau’irinde jeke ideologiya kursawında bolg’anı da tariyxtan belgili. O’zbekistanda kino xızmetin ko’rsetiuge baylanıslı tariyxımızdın’ ayırım mag’lıumatların bakalavr isimizde sawlelendirip bermekshimiz.

Kino ko’rkem o’neri , kinonın’ kelip shıg’ıw tariyxı xam og’an xalıqtın’ kızıg’ıwshılıg’ı bu’gingi ku’nde de aktwal bolıp esaplanadı. Kino so’zinin’ manisi latınsha kineo sozinen alıng’an bolıp «xareket etemen» degendi an’latadı. Kinematograftı birinshiden bolıp ag’alı-inili L.ha’m O.Lyum`erler 1895- jılı oylap tabadı. Evropa ellerinde daslepki fil`mler dawıssız tu’rde kafe, du’kan, ko’rgizbe, yarmarka ha’m basqa xalıq ko’p jiynalatug’ın orınlarda ko’rsetiledi. Kinonı suwretke alıushılar, stsenaristler, muzıka, jazıushılar, kino akterlar, kino mexanikler ha’m basqa da ka’sip iyeleri jetise baslaydı. Orta Aziyanın’ sonın’ ishinde O’zbekistanda kino ko’rkem o’nerine qızıg’ıwshılıq artadı. O’tken a’sirdin’ 20-jılları arnawlı kinoteatrlar Tashkent Samarqand, Qoqand, To’rtkul` ha’m basqa qalalarda qurıldı. O’zbeklerden shıqqan birinshi kino operator Qudaybergen Devanov o’zinin’ birinshi xronikal xujjetli fil`mlerin do’retedi.

1920- jilı A’mwdarya boylap madeniy –bilimlendiriw sawda karwanı sho’lkemlestirildi. Karwan bir keme ha’m bir neshe barjıdan ibarat bolıp, onın’

wazıypsı xalıqqa ma’deniy xızmet ko’rsetiw, gazeta-jurnallar, kitaplar oqıtıw boldı. En’ axmiyetlisi, keshqurınları barjıda harturli kino fil`mler ko’rsetiledi.

1924-jılı «Buxkino» 1925-j.Tashkentte«Shark yuldizi» kino fabrikası, keyin «Uzbekfil`m» kino stwdiyası sho’lkemlestiriledi. Sol jıllarda «Baxıt kuyashı»(1925j), Ekinshi xayal» Ravat shag’alları, Onın’ xuquqı, Axırg’ı bek, ha’m basqa da fil`mler islep shıgıladı.

30- jıllardın’ ortalarında o’zbek kinematograflarınan Nabi G’anievtın’ «Yuksalish», Ramazan», Jigit», S.Xodjaevtın «Tan saz bergende», Yu.Agzamovtın’ «Shakırık» fil`mleri ko’rsetile basladı. Birinshi hawazlı o’zbek kino fil`mi «Ant» dep atalıp, rejisserı A.Usol`tsev, bas rolde belgili akter Asat İsmatov oynaydı.

Ayırım mag`lıwmatlarg`a tiykarlansaq Qaraqalpaqstanda birinshi dawıslı kinowstanovka 1934 -jılı To`rtkul qalasında jumıs isley baslaydı. 1935 -jılı bolsa, Qaraqalpaqstanda kinotrest sho`lkemlestirilip xalıqqa xızmet ko`rsetiw islerine juwap bergen edi.

Bul kinotrestke qaraslı To`rtkul, No`kis, Xojeli ha`m Shabbazda kinoustanovkalar jumıs alıp bardı.(1)

Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq komissarlar ken`esi janında 1936-jılı Kinofikatsiya komiteti duziledi. 1936 jılı ulıwma 6 statsionarlıq, 45 koshpeli kinoustanovkalar kino ko`rsetiw islerin a`melge asırdı.

To`rtkul qalasında dawıslı kinonı birinshi sho`lkemlestiriwshilerden biri Tog`anov. M. F bolıp esaplanadı, keyin ala ol O`zbekstan Respublikası kinomatografiya ministrinin` orınbasarı lawazımında jumıs isledi (1952-1953).

1940-jılı kinotrest tarawlarına, respublikadag`ı kino ko`rsetiw islerine Kinofinatsiya basqarması ulıwma basshılıqtı a`melge asıra basladı. Kinoustanovkalardı ha`m jan`a fil`mler menen ta`miyinlew ushın 1934-jıldan baslap Qaraqalpaqstanda Bas prokattın` bo`limi ashılıp, onda fil`mler qorı qa`liplestiriledi.

Kino qorında 1953 jılga kelip ko`rkem fil`mlerden 400 dana, ilimiy ko`pshilik,

1). O’zbekistan milliy entsklafediyasi. Tom. 4. Tashkent. 2002-594-598.

hu`jjetli fil`mlerden 70 danasının` kopiyaları saqlandı. Sonın` menen qatar oqıw-ta`rbiyalıq, xronikal, fil`mleri, kinojurnallardın` rus, o`zbek, qaraqalpaq tilindegilerdin` sanı ko`beydi.[2]

Bir axmiyetli waqıyalardan 1936 -jıldan baslap Qaraqalpaqstan ASSRı O`zbekstan SSRının` quramına otiui boldı. 1936 jıldın` 1-yanvarındagı maglıumat boyınsha O`zbekstanda 24 qalalıq ha`m 26 rayonlıq ko`shpeli kinolar xalkımızga xızmet ko`rsetti.[3]

Respublikadag`ı klub ma`kemeler de xalıqqa xızmet ko`rsetiwde ko`rkem ha`weskerlik do`gereklerinde ha`m klubka qatnasıwshılar menen mazmunlı jumıslar sho`lkemlestiredi. Qaraqalpaqstan klubları, kino teatrlarında ha`m ko`shpeli kinoustanovkalar tamashago`ylerge tek g`ana fil`mler ko`rsetip qalmasdan,kino ko`rsetiwdin` aldında qızıqlı kinokontsertler, gwrrin`ler, kinolektsiyalar, dun`ya jan`alıqları menen tanıstırıp barılatug`ın edi.

Ma`deniy talaplar ushın ha`m xalıqtın` sotsiallıq imkaniyatlarına O`zbekstanda ekinshi besjıllıqta 2,314 mın` sum qarjı jumsalg`an bolsa, ushinshi besjıllıqta to`rt jıl ishinde 4.405326 sum qarjı jumsaldı xam ma`deniy xızmet ko`rsetiw anag`urlım o`sti.7

Respublikada ekinshi dun`ya juzlik urıstan son`g`ı jıllarda da kino ko`rsetiw jumıslarında birqansha o`zgerisler bolıp o`tti. Urıstan son`g`ı jıllarda respublikamız rayon ha`m awıl xalqına xızmet ko`rsetiwdin` awhalı tuwralı geypara mag`lıwmatlardı ko`rip shıg`ayıq.

Barlıg`ı bolıp 1946-1952 jıllarda kinoko`rsetiwshi mekemeler sanı 25 ten-61 ge shekem o`sti. Yag`nıy 1946 jılı 7 qalalıq kinoustanovkalar 8 auıllık statsionar kinoteatr,9 koshpeli kino xalıkka xızmet korsetti.Bir jıl ishinde 2737 martebe kino seanslar korsetilip,ogan 373 mın tamashagoyler katnastı.1946 jılı 9 orında koshpeli kinolar islegen bolsa, 1952 jılı 29 orında koshpeli kino xvzmeti xalıqqa madeniy xızmet ko`rsetti.

---

[3] Нурмахамбетова М. Узбекистанда маданий маърифий ишлар Т.1993 -24-29- бет

Ha`r bir rayon orayında kinoko`rsetiw islerin qolg`a alıw, islemey turg`anların iske qosıw , ko`shpeli kino xızmetin jaksılau,jana kino teatrlar kurıu,kino reklamanı jetilistiriuge axmiyet berildi..[4]

Qaraqalpaqstandag`ı kino xızmetin a`melge asırıwda sol jılları birinshi milliy kadrlardan Ken`es rayonlıq kino teatrdın` baslıg`ı Tanabergenov, Shımbaydag`ı kino teatr baslıg`ı To`rexanovlardın` atın tap o`tiw orınlı. Olar kino xızmetinde 20 jıldan aslam islep xalqımız arasında abıroyg`a iye bolıw menen qatar ma`mleketlik nagradalar menen sıylıqlandı.

1946 -jıldın` 11 martında Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komiteti ha`m hu`kimeti Respublika kinofikatsiya basqarmasının` jumısları tuwralı qarar qabıl etip, bul tarawdag`ı a`melge asırılg`an ila`jlar ha`m qa`te kemshiliklerdi saplastırıw boyınsha ko`rsetpeler berildi.

Urıstan son`g`ı 50- -jıllarında respublikamız,kalaları, rayonlar ha`m awıl xalqına madeniy xızmet ko`rsetiwdin` awhalı tuwralı geypara mag`lıwmatlardı ko`rip shıg`ayıq.1950-jılı O`zbekstanda xalıqqa 1527 kitapxana, 3610 klub ha`m 961 kinoustanovkalar xızmet ko`rsetti. Sonday-aq, 127 gazeta, 35 jurnal baspa-dan shıqtı, gazetalardın` ulıwma tirajı 322 mın`ga jetti.

1950-jıl - Tashkent ko`rkem-o`ner ha`m xronikal studiyası ta`repinen eki ren`li kinofil`mlerdi birinshi ma`rtebe islep shıg`ıldı. Solardan, «O`zbekstan aq altınları» (rejissyorı – N.G`aniev) ha`m «Sovet O`zbekistanı» (rejissyorı – Z.Sabitov)lar. Respublikada 26 teatr bolıp, sonnan, opera, muzıka, 14 drama, eki balalar ha`m 8 kolxoz, sovxoz teatrları. Xalıqqa 9955 ma`rtebe spektakller ko`rsetip, olarg`a 2 mln 696 mın` adam qatnasqan edi.

1950 jıldın` fevralında Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya sho`lkemi awıl xalqına 1950-1951 jıllarda kino xızmetin ko`rsetiwde bunnan bılayda jaqsılaw ila`jları haqqında qarar qabılladı. Bul qararda avtonomiyalı respublikada xalqımızg`a kino ko`rsetiwdin` awhalı ha`m onı jaqsılaw ila`jları a`sirese awıllıq jerlerdegi kino ma`kemelerinin` kemshilikleri atap o`tildi ha`m onı saplastırıwg`a baylanıslı ken` tu`rdegishe ila`jları du`zildi. Partiya komitetinin` qararında 1950 jılı

[4] К Нурмухамедова М.Узбекистонда маданий-маьрифий ишлар.тарихи.-Тшкент.Укитувчи,1993-

1 qısqı, 2 jazg`ı kino teatr jayın 1951 jılı 2 qısqı, 3 jazg`ı kino teatr jayların qurıw belgilendi. Ja`ne de kino teatrlardı 1950- jılı 2000 orınlıq, 1952 -jılı 5000 orınlıq qosımsha otırgısh,skameykalar menen ta`miyinlew tapsırıldı.

Sonın` menen qatar kino ko`rsetiw jumıslarında klublardın` jayları ku`ta` ashınarlı jag`dayda edi. Kinonı ko`riw ushın kelgen tamashago`ylerge qolaylılıqlar tuwg`ızılmadı. Ayırım waqıtlarda qaran`g`ı tu`skenin ku`tip, turıp kino ekranlardın` jetispewinen mektepler,jeke shan`araqlardın` u`ylerinin` diywallarınan paydalanıp kino ko`rsetiletug`ın edi. Ayırım kolxoz kino zalları ku`ta` tar, tozıwı jetip, avariyalıq jag`dayda boldı.

1951-jıl 7-15 mayda Tashkentte Chexoslovakiya fil`mleri festivalı o`tkerildi. 1-15 iyun`da Tashkentte xalıq demakratiyalıq ma`mleketler kinofestivalı sho`lkemlestirildi.

1951- jılı No`kis qalalıq ma`deniy dem alıs bag`ında kolxozshılardın` Birinshi respublikalıq spartakiyadası «Paxtakor» ja`miyeti ta`repinen o`tkerildi. Xalıqtın` kinog`a bolg`an qızıg`ıwshılıqların esapqa alıp, kinolektoriya sho`lkemlestirildi. Onda ha`r tu`rli temada lektorlardın` qızıqlı lektsiyaların tın`lap bolg`annan keyin ha`m hu`jjetli fil`mler ko`rsetile baslaydı. Kinofil`mlerdin` mazmunı lektsiya temasına sa`ykeslendirildi. Anıg`ıraq aytqanda tın`lawshılarga «Sovet O`zbekistanı», «Birinshi may bayramı», «Aq altın», «Sport jen`isleri» ha`m tag`ı basqa atamada hu`jjetli xronikal fil`mlerdi usınıs etilip, lektsiyalarg`a tamashago`ylerdin` qızıg`ıwshılıqları arttı.[5] Respublika paxtakeshlerinin` ken`esine arnap No`kis ma`deniy dem alıs bag`ında ko`rgizbeli seminar bolıp, u`lgili atız madeniy sherteginin` jumısları menen delegatlar tanıstırıldı. Qatnasıwshılarg`a awıl xojalıg`ına arnalg`an kinofil`m ko`rsetilip, kontsert berildi.

1950- jıldın` statistikalıq mag`lıwmatlarında 1940- jılg`a salıstırg`anda respublikada kinoustanovkalar sanı 1,5 esege ko`beydi. Olar ushın za`ru`rli bolg`an u`skeneler, kinoapparatlar alıw, kino teatr zallarına jan`a skameykalar alıp qoyıldı.

1951- jıldag`ı mag`lıwmatlar boyınsha respublikamızdag`ı kino tamashago`yler 54 orında kino xızmetin alıp barılıp, sonın` ishinde 10 statsionarlıq,

[5]Тюриков В.День за днем.Хроника культурной жзни Каракалпакстана-Ташкент.1987.-стр 73-80.

9 kolxozlar kinoustanovkası, 13 avtomashina ko`shpeli kinosı, 13 at arbalı ko`shpeli kino ko`rsetiw a`melge asırıldı. Rayonlarda 16 radio uzel islep, 5009 radio tochkaları, sonın` ishinde 1729 radio tochkalar awıllarda isledi. Ko`pshilik xalıq jana xabarlardı radio arqalı esitip bilip otırdı ha`m barlıq rayonlarda o`zinin` gazetaları shıg`arıldı. Joqarıda atap o`tilgen radio ha`m gazetalar arqalı kino ko`rsetiliwi tuwralı xabarlar, kino teatrlardın` repertuarları da beriletug`ın edi. Eger biz 1951- jıldın` juwmag`ı boyınsha kinoteatrlar jumıslarının` ayırım ko`rsetkishlerine na`zer awdarsaq, respublikada 11208 ma`rtebe fil`mler ko`rsetilip olarg`a 1.046,3 mın` tamashago`yler qatnasqan, sonın` ishinde qalalardı 4181 ma`rtebe kinoseanslar o`tkerilip, awıllarda 7027 ma`rtebe fil`mler korsetilgen edi.[6]

Kino teatrlar ha`m ko`shpeli kinoustanovkalar ushın en` qızıqlı ha`m xalıkka jagımlı fil`mlerdi jetkerip beriwde «Glavkinoprokat»tın Qaraqalpaqstan bo`liminin` jumısları dıqqatqa sazawar.Bul ma`keme 55 ma`mleketlik, 5 ka`siplik awkamları, 3 ma`kemeler aralık kinoustanovkalar ushın kinofil`mlerdi alıp keliw, onı waqtında jetkeriw, saqlaw islerin a`melge asıratug`ın edi. Kinoprokat qorında 1951- jılı 310 dana ko`rkem fil`mler, 4 hu`jjetli fil`mler ha`m 120 dana ilimiy ko`shpeli fil`mlerine iye boldı. Bul jılda kinoprokatqa 42 dana jan`a ko`rkem fil`mler kelip tu`sken. [7]

Qaraqalpaqstan kinoprokatının` tag`ı da jana jumıs usılı rayonlıq, awıllıq kino mekemelerine fil`mlerdi aeroport, avtomashinalar, pochta xızmetleri arqalı jetkerip beriw ha`m kinoreklama ha`m plakatları, afishalar, listovkalardı jaratıw menen shug`ıllang`an edi. Oraydan «Reklamfil`m» mekemesi litografiyalıq plakatlar menen ta`miyinleu, reklama ushın afishalar rus, o`zbek, qaraqalpaq tillerinde baspaxanalarda tayarlandı ha`m fil`mlerdin` atları, akterları, qıska mazmunlı ko`rsetildi. 1951- jılı awıllıq ko`shpeli kinoustanovkalar ushın 15 atamadag`ı fil`mlerdin` qaraqalpaq tilindegi reklamalıq plakatı baspalan shıqtı.

Kinoprokat ta`repinen jiberiletug`ın ha`rbir fil`mge «Sovet O`zbekistanı», «Ku`nnin` jan`alıg`ı», «Sovet sportı», «İlim ha`m texnika» dep atalg`an

---

7)ТюриковВ…стр.-87-91

kinoxreonikallardın` seriyaları qosıp beriletugın edi. Ha`r bir respublikadag`ı kino teatr ha`m kinoustanovkalardın` repertuar kesteleri kinofikatsiya basqarması ta`repinen tastıyıqlanıp, orınlarg`a jetkirilip ha`m onın` orın jobasına orınlanıwın qadag`alaw isleri a`melge asırılg`an. Usı jıllarda Qıpshaq, Qon`ırat, Moynaq rayonları kinofil`mlerdi jetkerip beriwde aeroporttın` samolyotlarınan paydalang`an bolsa, Kegeyli, Shımbay, Qarao`zek, Taxtako`pir rayonlarına pochta baylanısı arqalı jetkerilgen edi.

1952-jıl 10-16 yanvar`da Tashkent kinoteatrlarında G.D.R. fil`mlerinin` festivalı bolıp o`tedi. Bul jılları ko`shpeli kino ko`rsetiw isleri de rawajlandı.Mısalı: 1946- jılı 9 orında ko`shpeli kinolar xızmet ko`rsetken bolsa , 1952 -jılı 29 orında koshpeli kinolar sho`lkemlestirildi.1952-jıl 18-24 fevral` - Respublika kinoteatrlarında venger fil`mleri festivalı bolıp o`tken edi. May ayında- Awqamnın` kinoteatrları ekranlarında Tashkent kinostudiyasında islep shıqqan «Paxta oy» ko`rkem fil`mi balalar ushın ko`rsetildi. Onın` stsenaristleri V.Vitkovich ha`m M.Kryukov, fil`mdi qoyg`an rejissyor Kamil Yarmatov bolıp esaplanadı.

1952 -jılg`ı paxta egisi da`wirinde awıl miynetkeshlerine ma`deniy xızmet ko`rsetiw ushın 11 agitmashina kolxozlarg`a jiberilgen, onın` quramında lektor, ko`shpeli kitapxana ha`m kinoustanovkası boldı.Ha`r bir rayon ko`shpeli kinoustanovkalardı atız baslarına, ma`deniy shertekleri sho`lkemlestirildi. Xalıqqa mapaz da`wirinde 433 ma`rtebe kinoseanslar ko`rsetilip, og`an 32 mın` adam qatnastı. 1952- jılı 23 yanvarda Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komiteti ha`m hu`kimeti «Xalıqqa kino xızmetin ko`rsetiwdi bunnan bılayda jaqsılaw ila`jları tuwralı » qarar qabıllap ken` tu`rdegi jumıslardı alıp barıw belgilendi. Bul jılg`a kelip avtonomiyalı respublikalarda 61 orında kinoustanovkalar xalıqqa xızmet ko`rsetti, sonın` 10-kinoustanovkası qalalıq, 16-orında awıllıq statsionar kino teatrlar, 35 ko`shpeli kinolar bolıp esaplanadı.

1950-1952 jıllar ishinde respublika kino teatrları ushın 50 dana zamanago`y kino apparatlar, 50 dana elektrostantsiya, 15 kinoavtomashina ha`m olar ushın

zapas bo`lekler alıng`an. Kino texnika ushın usı jıllarda 535 mın` manat qarjılar ajıratıladı.

1951- jılı aylanıs qarjılarınan 435,4 mın` manat ajıratılg`an bolsa, 1952 jılı 320 mın` manat qarjı ajıratıladı.1952 jılı respublika kinofikatsiya basqarması baslıg`ı bolıp Talanov, bas esapshı Shanashnikova, baslıqtın` orınbasarı Mitiguslar jusıs issledi. 1953 jıldan baslap Kinofikatsiya Basqarması baslıg`ı bolıp Kostitsin issledi.Kinoapparaturalardı qayta tiklew ha`m turaqlı islewin ta`miyinlewde respublika kinoremontlaw ustaxanası ja`ma`a`ti isleydi.

1952- jıldın` juwmag`ı boyınsha Moynaq rayonlıq ma`deniyat u`yinin` u`lgili jumısları ayrıqsha boldı. Bul klubqa N.F.Kolyujin basshılıq etip, ma`deniy xızmet ko`rsetiwdin` ha`rtu’rli usıllarınan ken` tu`rde paydalandı. Rayon ma`deniyat u`yinde 300 orınlıq tamashago`yler zalında ha`r ku`ni kino ko`rsetiwler, massalıq ila`jlar, ha`weskerlerdin` kontsertleri sho`lkemlestiriledi. Ma`deniyat u`yininn` foyesi ko`rgizbeli tu`rde fotostend, uranlar, fotoplakatlar menen bezelip, kelgen adamda estetikalıq zawıq payda etedi. Turaqlı tu`rde tamashago`yler menen krujok isleri, muzıka, drama, orkestr tarawlarında jolg`a qoyılg`an. Hayal-qızlar ushın pishiw ha`i tigiw do`geregi jaqsı isleydi. Usınday jaqsı jumısları menen u`lgi bolıp atırg`an shomanay rayonı 10-sanlı awıllıq sovetinin` klubın atap o`tken orınlı. Klub tamashago`y zalı sulıw etip bezelgen, za`ru`rli u`skeneler menen ta`miyinlengen, jan`adan kinofil`mler turaqlı ko`rsetilip, ma`deniy dem alıs kesheleri o`tkerilip turıladı.

Usı jılı xalqımızga 1 respublikalıq ma`deniyat u`yi, 13 rayonlıq ma`deniyat u`yi, 6 qalalıq klub, 125 kolxoz klubları, 7 profsoyuz klubı, 16 ma`kemelerdin` klubları ma`deniyat xızmet ko`rsetken edi.

Sonın` menen qatar jazg`ı ma`wsimde respublikada 5 ma`deniyat ha`m dem alıs bag`ları jumıs alıp barıp, olarda jazg`ı kinoko`rsetiw isleri jolg`a qoyılg`an. A`sirese No`kis qalalıq ma`deniyat ha`m dem alıs bag`ının` bul waqıtlardag`ı xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetiw boyınsha iygilikli isleri ayrıqsha edi. Ma`deniyat ha`m dem alıs bag`ı 1952 jılı 1 ay dawamında jumıs islesede 73

ma`rtebe lektsiyalar, 9 doklad, 24 kontsert, 25 ma`rtebe sport ila`jları ha`m 58 ma`rte kinoseanslar sho`lkemlestirilip, 29360 tamashago`y qatnasqan.

Dem alıs bag`ının` may ayında o`tkergen ma`deniy ila`jların sanap shıg`atug`ın bolsaq: 1 may ku`ni – qalalıq basketbol boyınsha jarıs, 2-may ku`ni-balalar ushın ertelik, 3 mayda – basketbol boyınsha qalabirinshiligi, 15 mayda-jaslar ushın ma`deniy seyil h.t.b. Ulıwma No`kis qalasında jazg`ı ma`wsimde ma`kemeler, mektepler, oqıw orınlarının` ma`deniy ila`jların usı dem alıs bag`ında o`tkeriw da`stu`rge aylang`an edi. (). Bul jerde qala miynetkeshlerinin` ma`deniy dem alısın akılga ug`ras tu`rde o`tkeriw maqsetinde u`git-na`siyatlawdın` ha`r tu`rli usıl ha`m metodlarınan ken` tu`rde paydalandı.

Adamnın` o`ndiristegi ornı ha`m onın` miynet mazmunı na`tiyjesi sotsiallıq-ma`deniy xızmet qorsetiliwine baylanıslı bolg`anlıqtan bul islerdi jaqsılawg`a u`lken itibar berildi. No`kis qalası ha`m rayonlar, awıllardag`ı ma`deniy xızmet qorsetiwshi ma`kemeler, sonın` ishinde klublar, kitapxanalar ha`m kino teatrlardın` jumıs islew usıllarına jan`alıqlar engizile basladı. Sebebi, ha`r bir qala turg`ınının` ma`kemedegi xızmetshinin` ha`m o`nim islep shıg`arıwshı jumısshının` keypiyatı, halatı dem alıs, bayram ku`nlerin kewilli o`tkeriwinde.

1952 jılda respublikamızdın` kino teatrlarında «Moskvadan uzaqta», «Senator», «Kuban kazakları», «Temir maska», «U`sh mushketer», «Berlinnin` qulawı» h.t.b. fil`mler ko`rsetildi.Paxta terimi mapazı da`wirinde awıllıq jerlerde 1106 ma`rtebe kinoseanslar ko`rsetilip, sonnan 200 ma`rtebe kolxoz brigadalarında, 400 ma`rtebe ma`deniy sherteklerde, alıs elatlı punktlerinde o`tkerildi. To`rtkul, Shımbay, Xalqabad, Qıpshaq rayonlarında u`git-na`siyatlawshı avtomashinalar menen ko`shpeli kinolar ko`rsetildi, Qon`ırat rayonlıq agitkino peredvijka ta`repinen jaylawlardag`ı sharwalarga barıp 6 ma`rtebe kinoseanslar menen xızmet etildi.

Qıpshaq rayonında 1951 jılı xalıqqa 20 mın` kitap qorına iye 12 kitapxana, 11 klub ma`kemesi, rayonlıq kino teatr, bir ko`shpeli kinoustanovka ma`deniy xızmet ko`rsetedi. Kino ko`rsetiw isleri ku`ta` to`men bolıwına qaramastan 227 ma`rtebe fil`mler sho`lkemlestiriledi. Rayonlıq kinoko`rsetiw tarmag`ının` direktorı

Voronkov xalıqtın` kinog`a bolgan talabın qanaatlandırımadı. Kinofil`mlerdi alıp keliw, onı waqtında ko`rsetiw tez-tez u`ziliske tu`sken edi.

Mısalı, 1953 jıldın` yanvar`-may aylarında kolxozlarda birde kino ko`rsetilmey qalg`an. Demek bunday jag`daylardın` bolmawı ha`m jiberilgen kemshiliklerdi du`zetiw ushın tiyisli ila`jlardı rayonlıq ma`kemeler, kino korsetiwdi ja`ne de jaqsılawı kerek edi. Kino ko`rsetiwge qızıg`ıwshılılıq ha`m talap sonday edi.1953 jıldın` 7 mayında Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya sho`lkemi byurası ha`m hu`kimetinin` arnawlı qararı menen «Respublikada ministrliklerdi qayta sho`lkemlestiriw » ma`selesi korip shıg`ıldı. Na`tiyjede: Kinomatografiya ministrligi, Ma`deniy ag`artıw ma`kemeleri basqarması, İskusstvo basqarması, radioinformatsiya, poligraf sanaatı, baspaxana, kitap sawdası komitetleri birlestirilip Qaraqalpaqstan Avtonomiya Respublikası Ma`deniyat Ministrligi du`ziledi. Solay etip kinoko`rsetiw isleri Ma`deniyat Ministrligi qaramag`ında boladı.Statistikalıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda 1952 jıldın` aqırında 14 orında qalalıq kinoustanovka, 18 jerde awıllıq statsionar kino teatr, 29 ko`shpeli kino, 11 profsoyuz kinoustanovkaları xalıqqa kinoko`rsetiw arqalı xızmet etken.

1953 jıldın` 15 dekabrinen 1954 jıldın` 1-apreline shekem pu`tkil O`zbekistan ha`m Qaraqalpaqstan aymag`ında Awıl xojalıg`ı tuwralı fil`mlerinin` festivalı sho`lkemlestirildi. Onın` tiykarg`ı maqseti awıl miynetkeshleri arasında kino arqalı u`git-na`siyatlaw jumısların ku`sheytiw, aldın`g`ı agronomiya, awıl xojalıg`ı jetiskenlikleri ha`m ta`jiriybelerdi ken` en jaydırıw bolıp esaplanadı.

O`z na`wbetinde awıl miynetkeshleri de elimizde awıl xojalıgında a`melge asırılıp atırg`an islerden kino arqalı xabardar bolıp turg`an edi. Kinofestivaldı o`tkeriw boyınsha respublikalıq komissiyanı ma`deniyat ministri Jiemuratov basqaradı. 1953-jıl 18 aprel` - O`zbekstan Joqarg`ı Sovetinin` Ukazı menen: kinomotografiya Ministrligi, iskusstvo isleri basqarması,Ma`deniy-ag`artıw ma`kemeleri isleri komiteti, radioinformatsiya komiteti, poligrafiya sanaatı, baspaxana ha`m kitap kitap sawdası boyınsha Basqarmalar birlestirilip O`zbekstan Respublikası Ma`deniyat ministrligi du`ziledi.[1]

1) O’zbebistan milliy entsklafediyasi. Tom. 4. Tashkent- 2002. 594-598

1954-jıl 24-31 oktyabr`de – Respublika boyınsha barlık kinoteatrlarda kinofestival o`tkerildi.1954 jılı 7-dekabr` O`zbekistan Respublikası hu`kimeti ha`m partiya Oraylıq komiteti «Respublikada xalıqqa kinoko`rsetiwdi jaqsılaw ila`jları ha`m jag`dayı tuwralı» qarar qabılladı ha`m tiyisli ila`jlar islep shıqtı. Sebebi xalıqqa kinoko`rsetiw jumıslarında aytarlıqtay kemshilikler ushıradı.

1954- jılı awıllıq jerlerde kinoko`rsetiw jobası 63,3 payızg`a orınlandı. A`sirese Qıpshaq, Taxtako`pir, To`rtkul, Kuybıshev rayonlarının` awıllarında kino ko`rsetiw to`men da`rejede edi. Respublika boyınsha 74 kinoustanovka bolıp, sonın` 7 u`yinde g`ana jıllıq jobaları orınlandı. Kinotarmaqlarının` ko`shpeli tu`rde xızmet ko`rsetiwi ushın jeterli jag`daylar bolmadı. Mısalı, To`rtkul rayonı boyınsha bir ko`shpeli kinoustanovkag`a 4 kolxoz tuwra kelse, Xojeli rayonında kino ko`rsetiwine 11 orında kolxoz bekitip qoyılg`an edi.

Sonlıqtan kolxozlarg`a kino ko`rsetiw isleri izbe-izlik penen alıp barılmadı.Kinoxızmetkerleri arasında qa`nigeli kadrlar jetispedi, ko`pshiligi o`zbetinshe u`yrengen kinomexanikler boldı. Xızmetkerlerdin` qa`nigeligin o`sairiw, jas kadrlardı tayarlaw jolg`a qoyılmadı. 1954 jıldın` ishinde kino ko`rsetiw qa`nigeli kadrlarının` 20 payızı jumıstan shıg`ıp ketken[8].

1954 -jılı fevral`da Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Respublikası Ma`deniyat ministri Jumamurat Jiemuratovtın` oblastlıq partiya konverentsiyası ma`jilisinde shıg`ıp so`ylegen so`zinde, xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetiwdin` awhalı ha`m onı jaqsılaw ila`jları tuwralı atap o`tildi. 1953-1954 jılları respublika boyınsha 138 klub, 80 kitapxana, 18 ma`deniyat u`yleri ha`m 75 kinoustanovkalar jumıs alıp bardı. Tek g`ana 1953 jıl dawamında 763 ma`rtebe kontsert ha`m spektakller, 15 mın` reet kinoseanslar ko`rsetilgen. Respublikadag`ı 190 kolxoz miynetkeshlerine, rayon ha`m qalalarda ha`r tu`rli ma`deniy-massalıq ila`jlar sho`lkemlestirdi. Ma`deniyat islerindegi kemshiliklerdi du`zetiw boyınsha jıldan jılg`a olardın` tarmaqları o`sip, za`ru`rli u`skeneler menen ta`miyinlew, jan`a a`debiyatlar alıw, metodikalıq basshılıqtı a`melge asırıwg`a u`lken kewil bo`lingen.

---

[8] Тюриков В. День за днем. Хроника культурной жизни Узбекистана 1917-1987 г.г. –Ташкент. Изд-во «Г.Гулам», 1987. стр. 73-80.

.

Ma`deniyat ministri Jiemuratov.J. o`zinin` shıg`ıp so`ylegen so`zinde sol waqıtları ma`deniyat islerine bolg`an qatnas haqqında: No`kis qalalıq partiya konferentsiyasında delegatlardan biri kritikalıq pikir aytıp: «Kinog`a barsan` ton`asan`, monshag`a barsan` awırıysan`, emlewxanag`a barsan` orın joq, u`yin`e qaytsan` svet janbaydı, ha`tteki, hayalın` menen bala-shag`aların` seni tanımay qaladı»,-den ta`riyiplep Bergen edi. Bul jumıslardı ha`r ta`repleme qolg`a alıwımız kerek. Bunday kritikalıq pikirler keyin ala ma`deniy xızmet ko`rsetiw islerinde esapqa alındı.

Usı da`wirde 1954- jılı respublikadag`ı 200 kolxozdın` 128 inde klublar sho`lkemlestirilgen edi. Biraq, olardın` kinoappratları go`ne, tamashago`yler ushın orınlıqlar jetispedi, kinofil`mlerdi jetkerip beriw to`men da`rejede, kadrlar ma`selesi durıs sheshilmedi, klub jayların ko`birek xojalıq islerinde da`n sklad, pillexana, h.t.b. maqsetlerde paydalanıldı.Mısalı, Man`g`ıt rayondag`ı 7 kolxoz klubı, sklad sıpatında paydalanılg`an. Qıpshaq rayonı kinoteatrının` mexanigi fil`mlerdin` lentaların jog`altıp qoyg`an. Bul rayonda Ma`deniyat u`yinin` direktorı bes ma`rtebe almastırılg`an.

1955- jılı 28 yanvarda No`kis qalası ma`deniyat xızmetkerleri belsendilerinin` ma`jilisi bolıp, onda xalıqqa ma`deniy, kino xızmet ko`rsetiw, ko`rkem ha`weskerler ha`m profsoyuz sho`lkemlerinin` jumısların jaqsılaw boyınsha ma`seleler qaraldı. Bul ma`sele boyınsha oblastlıq profsoyuzlar ken`esinin` baslıg`ı-Pirnazarov, respublikalıq ma`deniyat ministrligi ma`deniy-ag`artıw ma`kemeleri bo`liminin` inspektorı S.Qoybag`arov, Qalalıq ma`deniyat bo`liminin` baslıgı T.Qaliev, Qalalıq klubtın` baslıg`ı Zaytseva ht.b. shıg`ıp so`yledi.

Ma`deniy-ag`artıw ma`kemeleri qatarı qala xalqına kinoko`rsetiw xızmetin bunnan bılayda jaqsılaw boyınsha ila`jlar belgilenip, tiyisli qararlar qabıl etildi.1955 jılı Respublikada 20 rayonlıq qalalıq klublar, 118 kitapxana, 116 kolxoz klubları, 80 orında kinoustanovkalar xalqımızg`a ma`deniy jaqtan xızmet korsetedi.1955-jıl mayda – Respublikanın` awıl ha`m qalalarında da`stu`rge aylang`an qosıqlar bayramı o`tkerilip, kinoteatrlar zalı da ken` tu`rde paydalanıldı.

1955-jıl 18 avgustta – Tashkentte awıl ko`rkem-o`ner kollektivleri-nen

Respublikalıq ko`rik tan`lawv jen`impazları juwmaqlawshı kontsertinde 800 ge jaqın ja`ma`a`t qatnasıp, olarg`a 16 mın` adam qatnastı.

1956-jıl 28 mayda – Tashkentte Yugoslaviya fil`mlerinin` kinofestivalı sho`lkemlestirildi. 1956 jılı Avtonomiyalı Respublikanın` kino tarmaqları xalıqqa kinofil`mlerdi ko`rsetiw jobasın 105,9 payızg`a, tamashago`ylerdi tartıw boyınsha 97,9 payız bolıp orınlandı.

Bul jılları paxta terimi mapazında kolxoz brigadaları dala shertekleri (ma`deniy shertekleri) jumısların ja`ne de jaqsı jolg`a qoyıp, massalıq siyasiy u`git-na`siyatlaw boyınsha ken` ko`lemde ila`jlar a`melge asırıladı. 1956 jılı Respublikadag`ı 1690 paxta brigadalarının` 1206 sında dala ma`deniy shertekleri, sonın` ishinde 353 tipovoy salıng`an shertekler issledi. Bul ma`deniy shertekler sulıw etip bezelip, uranlar, plakatlar, gazeta-jurnallar, kitaplar, radiopriemnikler menen ta`miyinlendi. Ha`r bir ma`deniy shertekte kolxozshılar dem alıs ushın sayaman, chayxana, balalar maydanshası, meditsina punkti, tu`ski dem alısta ıssı awqat, kinoustanovka h.t.b. sho`lkemlestirildi. 1956-1959 jılları paxta terimi mapazında kolxoz brigadaları dala shertekleri (ma`deniy shertekleri) jumısların ja`ne de jaqsı jolg`a qoyıp, massalıq siyasiy u`git-na`siyatlaw boyınsha ken` ko`lemde ila`jlar a`melge asırıladı.

1956- jılı Respublikanın` kino tarmaqları xalıqqa kinofil`mlerdi ko`rsetiw jobasın 105,9 payızg`a, tamashago`ylerdi tartıw boyınsha 97,9 payız bolıp orınlandı.1956-1959 jılları paxta terimi mapazında kolxoz brigadaları dala shertekleri (ma`deniy shertekleri) jumısların ja`ne de jaqsı jolg`a qoyıp, massalıq siyasiy u`git-na`siyatlaw boyınsha ken` ko`lemde ila`jlar a`melge asırıladı.

1956- jılı Respublikadag`ı 1690 paxta brigadalarının` 1206 sında dala ma`deniy shertekleri, sonın` ishinde 353 tipovoy salıng`an shertekler issledi. Bul ma`deniy shertekler sulıw etip bezelip, uranlar, plakatlar, gazeta-jurnallar, kitaplar, radiopriemnikler menen ta`miyinlendi. Ha`r bir ma`deniy shertekte kolxozshılar dem alıs ushın sayaman, chayxana, balalar maydanshası, meditsina punkti, tu`ski dem alısta ıssı awqat, kinoustanovka h.t.b. sho`lkemlestirildi.1956 jılı

Respublikanın` kino tarmaqları xalıqqa kinofil`mlerdi ko`rsetiw jobasın 105,9 payızg`a, tamashago`ylerdi tartıw boyınsha 97,9 payız bolıp orınlandı.

1956-1959 jılları paxta terimi mapazında kolxoz brigadaları dala shertekleri (ma`deniy shertekleri) jumısların ja`ne de jaqsı jolg`a qoyıp, massalıq siyasiy u`git-na`siyatlaw boyınsha ken` ko`lemde ila`jlar a`melge asırıladı.

1956-jılı Respublikadag`ı 1690 paxta brigadalarının` 1206 sında dala ma`deniy shertekleri, sonın` ishinde 353 tipovoy salıng`an shertekler issledi. Bul ma`deniy shertekler sulıw etip bezelip, uranlar, plakatlar, gazeta-jurnallar, kitaplar, radiopriemnikler menen ta`miyinlendi. Ha`r bir ma`deniy shertekte kolxozshılar dem alıs ushın sayaman, chayxana, balalar maydanshası, meditsina punkti, tu`ski dem alısta ıssı awqat, kinoustanovka h.t.b. sho`lkemlestirildi.1956-jılı paxta terimi mapazında kolxoz brigadaları dala shertekleri (ma`deniy shertekleri) jumısların ja`ne de jaqsı jolg`a qoyıp, massalıq siyasiy u`git-na`siyatlaw boyınsha ken` ko`lemde ila`jlar a`melge asırıladı.

1956- jılı Respublikadag`ı 1690 paxta brigadalarının` 1206 sında dala ma`deniy shertekleri, sonın` ishinde 353 tipovoy salıng`an shertekler issledi. Bul ma`deniy shertekler sulıw etip bezelip, uranlar, plakatlar, gazeta-jurnallar, kitaplar, radiopriemnikler menen ta`miyinlendi. Ha`r bir ma`deniy shertekte kolxozshılar dem alıs ushın sayaman, chayxana, balalar maydanshası, meditsina punkti, tu`ski dem alısta ıssı awqat, kinoustanovka h.t.b. sho`lkemlestirildi.

1956- jıldın` 25-26 avgustında birinshi ma`rtebe «Paxta bayramı» bolıp, onda kinoshılarda ma`deniy xızmetin ko`rsetti.1956-jıl 5 noyabr` – Tashkent teleorayı iske tu`sti. Usı ku`nnen baslap, televidenienin` rus ha`m o`zbek tilindegi ko`rsetiwleri alıp barıladı. 1956-jıl dekabrde - Ma`deniyat ministrligi ha`m jazıwshılar awqamı ta`repinen ko`rkem fil`mlerdin` stsenariysın jazıwshılar konkurstın` juwmag`ı shıg`arıldı. Bunda TashGU studenti G.Kokina ha`m tashkentli injener L.Kokinlerdin` «Yasha Tokorkovtın` jen`il o`miri» degen stsenariyası ekinshi orındı alıwg`a ılayıq boldı.

1957-jıl 24-yanvar`dan – 1 fevral`g`a shekem - Tashkentte Qaraqalpaqstan a`debiyatı ha`m ko`rkem o`neri dekadası o`tkerildi. 1957-jıl 2 fevral`da -

O`zbekistan Joqarg`ı Sovetinin` Ukazı menen Abbaz Dabılov, Sadıq Nurımbetov ha`m Qurbanbay Tajibaevlarg`a «O`zbekistan xalıq qosıqshısı» hu`rmetli atag`ın berdi. 1957-jıl 8-fevral`da – Tashkentte «Rodina» atamasındag`ı ken` ekranlı sterefoniyalıq dawıslı kinoteatr ashıladı.[1] 1957-jıl martta – Tashkent Orta Aziya ha`m Qazaqstan Respublikaları kinostudiya xızmetkerlerinen Respublika aralıq konferentsiyası bolıp o`tedi. Ku`n ta`rtibinde «Sovet kinomotgrafiyasının` rawajlanıwı» teması talqılandı. (partiyanın` XX-se`zdi qararları)

1957-jıl 25-iyun` - O`zbekistan paytaxtında Qazaqstan kino-fil`mlerinin` kinofestivalı baslandı. 1-10 avgust` ku`nleri - O`zbekistanda a`zerbayjan fil`m-lerinin` kinofestivalı sho`lkemlestiriledi. 1957-jıl 26 avgustta – Ukraina fil`mleri kinofestivalı baslanadı. 13 oktyabr`den – Ferg`ana oblastı xalıqları birinshi ma`rtebe Tashkentten teleko`rsetiwleri tamashalay basladı. oktyabr`de – Qaraqalpaq ma`mleketlik baspasınan «Alpamıs» da`stanı kitabı shıg`ıp, onın` tolıq variantın Qıyas jıraw Xayratdinovtan jazıp alıng`an edi. Tashkent ko`rkem ha`m xronikal fil`mler kinostudiyası ta`repinen «Lenin jollaması menen», «Qumdag`ı waqıya» («Sluchay v pustıne»), «Aral balıqshıları» fil`mlerin ha`m 9-qısqa metrajlı fil`mlerdi islep shıg`ıp, tamashago`ylerge ina`m etedi. Sonday-aq, usı jılı kinostudiyada o`zbekshe 33 fil`m dublyaj etilip, 8 dana qaraqalpaq tilinde dublyaj fil`mler shıg`arıldı. Respublika teatrları 107 jan`a spektakller tayarladı. O`zbekstanda usı jılı 1752 sırt ellerden qonaqları 47 ma`mleketten kelgen edi.[1]

1958-jıl 20 fevral`da – Paytaxtımızda tu`rkmen fil`mleri kinofil`mlerin ko`rsetiw festivalı basladı. 958 –jıl 20 avgustta - O`zbekistan xudojnikleri ha`m xalıq milliy o`nermentshilik ustaları shıg`armalarının` Respublika ko`rgizbesi ashılıp, onda 656 en` jaqsı ko`rkem shıg`armaları ko`rsetiledi. 20 avgusttan – 2 sentyabr`ge shekem - O`zbekstan paytaxtında Aziya ha`m Afrika ma`mleketlerinin`

Onın` qatnasıwshıları ha`m qonaqlarına 60 hu`jjetli ha`m 20 ko`rkem fil`mlerin ko`redi. Kinofestivalda Orta Aziya, Zakavkaz`e ha`m Qazaqstan Respublika kinoshıları aktiv qatnasadı. 1958-jıl 10-16 sentbr`ge shekem -

---

[1] Tyurikov V. Den` za dnem. Xronika kul`turnoy jizni Uzbekistana 1917-1987 g.g. –Tashkent. İzd-vo «G.Gulam», 1987. str. 84-93.

fil`mleri kinofestivalı sho`lkemlesedi.

O`zbekistanda Koreya fil`mleri kinofestivalı o`tkeriledi. 1958-jıl dekabr` ayında – Moynaq qalasında Tashkent kinostudiyası kinofil`mleri festivalı sho`lkemlesedi. «Wzbekfil`m» kinostudiyası ekranlarg`a 3 ko`rkem fil`m shıg`aradı. Solardan: «Jalınlı jıllar», «Maftuningman», «Balaları ja`ne ketip baratır» (Sınov`ya jdut ran`she) esaplanadı.Respublikada xalıqqa 2879 klub mekemeleri ha`m 2886 kitapxana xızmet ko`rsetip bardı.

1959-jıl 14-24 fevral` ku`nleri - Moskva O`zbekistan iskusstvosı ha`m a`debiyatı dekadası bolıp o`tedi. 14-24 fevral` ku`nleri - Respublika boyınsha klub, kitapxana, kinoustanovka ha`m qızıl mu`yeshlerdin`, sovxoz ha`m MTS lardın` ko`zden o`tkeriwi sho`lkemlesti. 1-martında – Riga qalasında o`zbek fil`mlerinin` festivalı o`tkerildi. 7-noyabr`de – Andijan retranslyatsiyalıq orayının` qurılısı tamamlanıp, ko`plegen jeke ko`rermenler Tashkent studiyasının` tolıq bag`darlamaların tamashalay basladı.[1] 7-dekabr`de – Hamid Alimjan atındag`ı a`debiyatshılar u`yinde kinodramaturgiya ma`selelerin boyınsha Respublikalıq ken`es bolıp o`tedi. Onda «Respublikada kinodramaturgiya jag`dayı tuwralı» bayanat penen belgili jazıwshı, filologiya ilimlerinin` doktorı İzzat Sultanov shıg`ıp so`yledi. 1959-jıl 10-17 dekabr`de – Respublikamızda Tajikistan ko`rkem fil`mlerinin` kinofestivalı o`tkerildi. [1]

1959-jıl 27-dekabr` – Tashkenttegi «Watan» kinoteatrında birinshi ma`rtebe «Ekinshi gu`lleniw» degen ken` ekranlı streofoniyalıq dawısta o`zbek ko`rkem fil`minin` ja`miyetlik ko`zden o`tkeriliwi boldı.-jıl dawamında - «O`zbekfil`m» kinostudiyası 3 ko`rkem fil`merdi shıg`ardı. Sonın` ishinde «Furqat» (resisserı Yu.Ag`zamov), «Lalalar gu`llegende» (rejisser K.Yarmatov) ha`m «Ekinshi gu`lleniw» (rejisserı A.Akbarxodjaev ha`m İ.Yakubov). Sonın` ishinde «Furqat» (resisserı Yu.Ag`zamov), «Lalalar gu`llegende» (rejisser K.Yarmatov) ha`m

---

Tyurikov V. Den` za dnem. Xronika kul`turnoy jizni Uzbekistana 1917-1987 g.T.İzd-vo «G.Gulam», 1987str 97-108.

## 1.2 Xalıqqa kino ko`rsetiw tarawları XX a`sirdin` 60—jıllarında

Respublikası hu`kimeti ha`m ja`miyetlik sho`lkemleri kinoko`rsetiw jumıslarının` axualın jiyi-jiyi tekserip, onı jaqsılawg`a qaratılg`an ila`jlar ko`rdi.1959 jıldın` mart ayında O`zbekistan Respublikası Oraylıq Komiteti ta`repine «Awıllıq orınlarda kinofil`mler ko`rsetiw ta`rtibin turpayı tu`rde buzıw faktleri tuwralı» ma`sele talqılanıp tiyisli qarar qabıllandı. Usı qarardın` orınlanıw barısı haqqında ma`seleni Respublika hu`kimeti,ualayatlar ha`m oblastlıq komitetleri sheshiushi ilajlar kordi, jumıstagı jiberilgen kemshiliklerdi du`zetiw za`ru`rligi ko`rsetildi.[9]Natiyjede kino korsetiu tarauında birkansha jumıslar islendi.Bul xakkında ayırım maglıumatlardı korip shıgayık.Jane bir axmiyetli maselelrden Ozbekstan Respublikasında kinofestivallardı otkeru dasturge aylangan edi.Mısalı-1960-jıl 20 yavnar`da - O`zbekistanda Hindistan fil`mlerinin` kinofestivalı bolıp o`tedi. 8 iyun`de - O`zbekistan hu`kimetinin` «O`zbekistanda muzıka ko`rkem o`neri ha`m muzıkalıq bilimlendiriwdi bunnan bılayda jaqsılaw ila`jları»., 24 sentyabr`de - Tashkentte «Kinolar ku`ni» o`tkerildi. Usı jil dawamında – «O`zbekfil`m» kinostudiyası ta`repinen Hamza (rejisserı Z.Sabitov), «Mahallada duw-duw ga`p» (rejissyorı Sh.Abbasov), «V`etnam menin` watanım» (rejisserı Le Xuan, M.Qayumov, E.Zalkind h.t.b) Respublikada 20 professionallıq teatr ha`m kontsert sho`lkemleri 2 mln 720 mın` tamashago`yler qatnasadı.[1]

Kino repertuar qorında «Sınaw mu`ddeti», «A`piwayı tariyx», «Dushpan tılından master pyatkin», «Urısqa barg`a Bebetta», «12 qız ha`m bir erkek», «Ha`mmesi Eva tuwralı», h.t.b. ekranlarda ko`birek mu`ddette ko`rsetildi. Kino teatrlarda barlıg`ı bolıp 101 kinomexanik, 29 adam motorist bolıp issledi. Solardın` 30 adamı fil`mlerdi u`git-na`siyatlawda sterlireklama, listovkalar, afishalar ko`birek qollanılıp, jobaları ko`rnekli orınga qoyıldı. (l.41956 jılı Respublikanın` kino tarmaqları xalıqqa kinofil`mlerdi ko`rsetiw jobasın 105,9 payızg`a, tamashago`ylerdi tartıw boyınsha 97,9 payız bolıp orınlandı. 1960 jılg`a kelip Qaraqalpaqstanda 151 orında kinoustanovkalar bolıp, sonın` 65-ma`mleketlik, 74-

---

[9]) O’zbekistan milliy entsklafediyasi . Tom-4. Tashkent-2002. 594-598 betler.

profsoyuz, 21 ko`shpeli, 5 kolxoz, 7 ma`kemelerdin` kinoko`rsetiw tarmaqları islegen edi.No`kis qalasında «Zarya», «Rodina», «Oktyabr`», «Moynaqta», «Mayak», Qon`ıratta «Komsomolets» kino teatrları boldı.

1960-1961 jıllarda xalıqqa kinoko`rsetiwde ka`siplik awhamlarg`a qaraslı 74 kinoustanovka, sonın` ishinde 32 ko`shpeli, 42 turaqlı kinoustanovkalar jumıs alıp bardı.Oblastlıq ka`siplik awham Ken`esi rabochkom baslıqları ha`m kinomexanikler menen eki ku`nlik seminar-ken`es sho`lkemlestirdi. Respublikadag`ı Xalqabad, Xatek, Rawshan sovxozları ha`m Moynaq konserva zavodı klublarınan kinoko`rsetiw jaqsı alıp barıldı.

1961-jıl iyun` ayında - O`zbekistan Ministrler Sovetinin` qararı menen İlimiy-populyar ha`m xronikal-dokumentatsiyalıq fil`mlerdin` kinostudiyası sho`lkemlestirildi. 25-28 iyul`de - Ekinshi Moskva xalıqaralıq kinofesti-valının` qatnasıwshı ma`mleketlerinin` fil`mleri Tashkent kinoteatrlarında tamashago`ylerge ko`rsetildi. *26 iyul`* Xalıqaralıq kinofestival qatnasıwshıları menen O`zbekistan doslıq ha`m press-konferentsiya bolıp o`tedi.(1

Respublika qonaqları jurnalistlerge V`etnam, Koreya, İrak, Meksika, Chili, Chexoslovakiya ellerindegi kinomotografiyanın` jetiskenlikleri haqqında bayanat isledi ha`m sorawlarg`a juwaplar berdi. 1961-jıl 11-oktyabr`de – Oraylıq televideniya studiyasında Tashkent televidenie studiyasının` bag`darlaması ko`rsetildi, Tamashago`ylerge respublikanın` ekonomikası ha`m ma`deniyatının` O`zbekistan ko`rkem o`neri g`ayratkerlerinin` kontserti ko`rsetiledi. Jıl dawamında - «O`zbekfil`m» ta`repinen «Sinchalak», «Gorizontqa jol» ko`rkem fil`mleri ha`m «Qıyralıw» televiziyalıq fil`min islep shıg`adı ha`m kinoteatrlarda ko`rsetile baslaydı. Jan`adan 51 fil`m o`zbek tiline dublyaj islendi. Qaraqalpaqstan kinoprokatı ta`repinen kinoustanovkalar ushın 102 atamada ilimiy ko`pshilik oqıw ha`m hu`jjetli fil`mler jiberildi. Sonın` ishinde «Mashina paxtakeshtin` dostı», «Ma`mlekette ko`plep su`t o`nimleri», «Sho`listanlıqlarg`a suw aparayıq», «Jon`ıshka tuqımı», «Tursınay Axunova», «Mexanizator O`mirzakov», ht.b.

---

Tyurikov V. Den` za dnem. Xronika kul`turnoy jizni Uzbekistana 1917-1987 g.g. –Tashkent. İzd-vo «G.Gulam», 1987. str. 111-113.

1961 jılda respublikadag`ı kino tarmaqları ushın 2 dana GAZ-69 avtomashinası, ken` ekranlı ko`shpeli kinoapparatura, u`sh ju`k tasıw motorolleri, KPT-3 markalı 4 dana kinoproektor ht.b. u`skeneler alınıp, qosımsha kapital qurılısı ushın qarjılar 35,6 mın` manatka bo`lindi.(2)

1961 jılı No`kis qalasında 600 orınlıq jazg`ı ken` ekranlı kinoteatr, Moynaqta 500 orıelıq jazgı kinoteatr, To`rtkulde ken` ekranlı kinoteatr jan`adan paydalanıwg`a tapsırıldı. Respublikada 4 orında ken` ekranlı ko`shpeli kinoustanovka islep tur. No`kis qalasında, Taxiatash, Xojeli, Beruniy qalaları orayında ken` ekranlı, ha`r biri 300 tamashago`yge mo`lsherlengen smetalıq bahası 90 mın` sumlıq (ssuda) kinoteatrlar qurılısı dawam ettirildi.

Ha`r jılı da`stu`rge aylanıp qalg`an awıl xojalıg`ı boyınsha fil`mlerdin` kinofestivalı o`tkerilip, 710 ret seanslar berildi ha`m og`an 35 mın` tamashago`y qatnastı. Bug`an qosımsha 188 fil`mlerdin` kopiyaları kinoteatrlarg`a jiberildi. Ko`rsetilgen fil`mler arasında «Xamza», «Borskiy to`besindegi bult», «Ayıw ha`m shaytan» h.t.b. bar.

Kinoxızmetkerlerinin` qa`nigeligin jetilistiriw maqsetinde 24 kinomexanik kurslarga jiberildi ha`m olardın` kotegoriyaların o`sirildi. Kinomexanik qa`nigeligin tayarlawda sha`kirt oqıwshı kinomexanikler, onın` ja`rdemshileri motoristlerin u`yretiw jumısları ha`m ta`jiriybesi qollanıldı.Bir jıl ishinde 22 jas qa`nigeler sha`kirt sıpatında tayarlanıp, I-kotegoriya ushın sınaqtan o`tti, 24 adam kinomexaniklerdin` ja`rdemshileri bolıp islep, 6 kinomexanik ka`sip texnikalıq uchilishelerde tayarlandı. Barlıg`ı bolıp respublikada 77 kinomexaniktin` 30 adamı birinshi kotegoriyag`a iye.

Kinoteatrlarg`a xalıqtın` ortasha qatnası 1960 jılda 7 adam bolg`an bolsa, 1961 jılı 8,7 adamga jetken edi.Kinoko`rsetiw kadrların tayarlaw maqsetinde orta arnawlı oqıw orınlarına jaslardı jiberiw jolg`a qoyıldı. Usı jılı Tashkent qalalıq kino texnikumına 2 adam oqıwg`a kirip bilim aldı.No`kis qalasında N.İ.Mitigus basqarg`an kinoremontlaw ustaxanasının` jumısları da aytarlıqtay boldı. Kinoapparatlardı qayta du`zetiw, olarg`a texnikalıq xızmet ko`rsetiw isleri ju`rgizildi. 1961 jıl dawamında bir ja`ma`a`t qa`nigeleri 32 dana ha`r tu`rli

markadag`ı kinoproektorları remontlanıp, 5 dana usimitel`,38 dana dviteller taza qa`lpine keltirildi, 9 kinoteatr u`skeneleri qayta mantajlandı. Kinoteatrlar ushın jan`adan 24 kinou`skene, 6 usimitel`, 22 komplekt elektrstantsiyalar alındı.

Kinoteatrlar arasında ma`deniy xızmet ko`rsetiwde No`kis qalasında u`lgi ko`rsetip atırg`anlarının` direktorı N.N.Soninat bolg`an, Moynaq rayonında «Krasnıy rıbok» artelinde kinomexanik Kuklov, To`rtkul rayonında awıllıq klubtın` kinomexanigi Egamberdievlerdi ayırıqsha tilge alıw mu`mkin. (1962-jıl 15-24 may ku`nleri – Qazaqstanda O`zbekstan a`debiyatı ha`m iskusstvo dekadası bolıp o`tedi. 31 mayda - O`zbek xor ko`rkem o`neri ja`miyeti du`zildi. Bul tarawdag`ı ko`rkem o`nerdi ja`ne de rawajlandırıw maqsetinde xor kollektivlerin ko`zden o`tkeriw sho`lkemlestirildi. Respublikada 500 xor kollektivleri ha`m ansamblleri bolıp, og`an 15 mın` ha`wesker qosıqshıları qatnasadı.

1962-jıl 13-18 iyun` ku`nleri - Moskvadag`ı Kreml` S`ezdler saray-ında O`zbekstan ko`rkem o`ner g`ayratkerlerinin` u`lken kontsert ha`pteligi sho`lkemlestirildi. Usı kontsertlerge 47 mın` moskvalı ha`m paytaxt qonaqları qatnasadı.[1] 19-iyunnan – 3 iyul`ge shekem – Tashkentte Orta Aziya ha`m Qazaqstan Respublikaları kinofil`mlerinin` 1961-jıldag`ı birinshi ko`zden o`tkeriwi boldı. Bul konkurstın` juwmag`ı boyınsha «En` jaqsı artist erler atqarıwshı» nominatsiyası boyınsha artist Shukur Burxanovqa diplom berildi. Ol «O`zbekfil`m» de su`wretke alıng`an «Sinchalak» filminde Kalandarov rolin atqarıp shıqqan edi.

Jas kinomotatograf X.Axmarg`a ko`rkem fil`mlerde ku`ta` qızıqlı do`retiwshilik jumısı ushın diplom berildi. Avtor «O`zbekfil`m» de «Ganga qızı» atlı fil`mdi islep shıqqan edi. Sonday-aq, belgili kompozitor M.Burxanovtın` «Shetletilgen qalın`lıq» (Otvergnutaya nevesta) fil`mindegi muzıkaları jyuri ta`repinen ayrıqsha bahalandı.

1962-jıl 8-avgustında – U`rgench qalasında televiziyalıq oray o`zinin` jumısın baslaydı. 5-sentyabr`de – Nawayı qalasında da televiziyalıq retranslyator iske qosılıwı menen Tashkentten televiziyalıq tapsırıwlar menen Buxara ha`m basqa aymaqtag`ı xalıqlar ko`riw mu`mkinshiligine iye boldı.

1962-jıl 22 oktyabr`de - O`zbekistan kinomotagraflarının` birinshi sho`lkemlestiriw s`ezdi bolıp o`tti. 11 dekabrde – Birlesken Arab Respublikaları kino ku`nleri O`zbekistanda o`tkerildi. 21 dekabrde – Oraylıq televidenie arqalı Tashkent televidenie studiyasının` bag`darlaması tamashago`ylerge ko`rsetildi.,jıl dawamında – Tashkentte «O`zbekfil`m» studiyası «Sen jetim emessen`» atamasındag`ı ko`rkem fil`mdi ekranlarg`a shıg`ardı. (Stsenariysin jazg`an R.Fayziy, rejisserı Sh.Abbasov) Sonın` menen qatar Tashkent kinostudiyası ta`repinen islep shıg`ılg`an fil`mler du`n`ya ju`zindegi 40 ma`mleket kinoteatrlarında ko`rsetildi.[1]

1963-jıl yanvar` – Moskva ha`wesker kinofil`mlerdin` u`shinshi pu`tkilsoyuzlıq ko`zden o`tkeriwi boldı. Bul ko`zden o`tkeriwde tashkent jen`il sanaatshılarının` «Ma`mleketke ku`lki qaytıp kiyatır» (K ma`mlyakat vozvrashaetsya ulıbka) degen hu`jjetli kinoocherki ekinshi sıylıqqa ılayıq boldı.

1963-jıl 5-11 feral`da – Tashkentte Qaraqalpaqstan ko`rkem o`ner ha`m a`debiyatı ha`pteligi bolıp o`tedi. 20-26 aprel`de – Tashkentte Latviya, Litva, Estoniya kino ko`rkem o`neri g`ayratkerlerinin` ha`pteligi sho`lkemlestiriledi. 1963-jıl 25 aprel`de – Germaniya Fedarativ Respublikasının` Frankfurt na Mayne qalasında Aziya ma`mleketleri kino ko`rkem o`nerinin` ha`pteligi ashıladı. Bul jerde O`zbekstannın` «Sen jetim emessen`» fil`mi tamashago`ylerge ina`m etildi. 14 avgustta - O`zbekstanda İndiya fil`mleri festivalı ashıladı. 1963-jıl sentyabr` – Respublikalıq ka`sip-texnikalıq bilimlen-diriw ma`deniyat u`yinde sho`lkemlestirilgen «Trud fil`m» ha`weskerlik studiyası ja`ma`a`ti ta`repinen su`wretke alıng`an «Janıp turg`an atawdın` wa`killeri» degen fil`mnin` birinshi seriyasın islep shıg`adı. Bul fil`mdi studiya ag`zaları Kubadan kelip Qoqand mexanizatsiya ha`m awıl xojalıg`ı texnikumın Kubadan kelip oqıw pitkergen jaslarg`a sawg`a retinde beredi. Keyin ala usı fil`mnin` ekinshi seriyası ispan tiline dublyaj islengennen keyin Kuba jaslarına jiberiledi.

---

[1] Tyurikov V. Den` za dnem. Xronika kul`turnoy jizni Uzbekistana 1917-1987 g.g. –Tashkent. İzd-vo «G.Gulam», 1987. str. 114-123.

1963-jıl noyabr` ayında - O`zbekstannın` «Ferg`analıq bes adam» degen fil`m Qazan qalasındag`ı studiyada chuvash tiline dublyaj etildi.

1960-1961 jıllarda xalıqqa kinoko`rsetiwde ka`siplik awhamlarg`a qaraslı 74 kinoustanovka, sonın` ishinde 32 ko`shpeli, 42 turaqlı kinoustanovkalar jumıs alıp bardı.

Oblastlıq ka`siplik awham Ken`esi rabochkom baslıqları ha`m kinomexanikler menen eki ku`nlik seminar-ken`es sho`lkemlestirdi. Respublikadag`ı Xalqabad, Xatek, Rawshan sovxozları ha`m Moynaq konserva zavodı klublarınan kinoko`rsetiw jaqsı alıp barıldı.

1964-jıl 6-28 fevral`da - O`zbekstanda Birlesken Arab Respublikaları fil`mlerinin` kinofestivalı o`tkeriledi. 1964-jıl 30-martta - O`zbekstanda Venger fil`mlerinin` ha`pteligi baslandı. 1964-jıl iyun`da – Zakavkaz`e Respublikalarının` kino ha`pteligi bolıp o`tedi. 1964-jıl avgustta – Leningrad qalasında birinshi «Pu`tkil-soyuzlıq festival» o`z jumısın tamamladı ha`m onda O`zbekstannın` 3 fil`mi sıylıqlandı. «Eki at – bir o`mir» degen hu`jjetli filmi birinshi sıylıq aldı. Sonday-aq, «Sen jetim emessen`» fil`minin` stsenariyasın jazg`an R.Fayzidin` shıg`armasına bahalı sıylıq berildi. «Ba`ha`rden – ba`ha`rge shekem» degen hu`jjetli fil`mi festival hu`rmetli jarlıg`ına ılayıq boldı. 5-noyabr`de – No`kis teletsentrinin` birinshi ko`rsetiwleri bolıp o`tedi. 1964-jıl noyabr`de – Qaraqalpaqstan ASSRı 40 jıllıq yubileyi saltanatlı ra`wishte o`tkerildi. 10-dekabr`de – Moskvada o`zbek fil`mlerinin` festivalı ashıldı.

1964-jıl dawamında - O`zbekstan Respublikasında barlıg`ı bolıp, 3182 kinoustanovkalar, 3082 – klub ma`kemeleri ha`m 4087 kitapxanalar xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetedi.«O`zbekfil`m» kinostudiyası ta`repinen 7 ko`rkem fil`m: «Ulug`bek juldızı» (rejisserı L.Fayziev, «Bloknottan betler» (rejisserı Yu.Ag`zamov), «Qaydasan` menin` Zul`fiyam» (rejisserı A.Xamraev) h.t.b. Usı da`wirde o`zbek ha`m qaraqalpaq tillerine 56 ko`rkem fil`m dublyaj islendi.

1960-1964 jıllar arasında xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetetug`ın ma`kemeler sanı ja`ne de ko`beydi. Eger 1960 jılı respublikada 97 klub ma`kemesi bolg`an bolsa 1964 jılda 205 ke jetti.

Qısqı kinoteatrlar sanı 1960 jılı 42 orında bolsa, 1964 jılı 48 ge jetip, jazg`ı kinoko`rsetiw maydanshaları 1960 jılı 44 bolsa, 1964 jılı 279 g`a jetkerildi. Respublikamızdag`ı kinoko`rsetiw jumıslarının` barısın ja`ne de jaqsılaw ha`m bul bag`dardag`ı wazıypalardı belgilep alıw maqsetinde 1961 jıldın` mart ayında kinofikatsiya xızmetkerlerinin` Respublikalıq Ken`esi o`tkerildi. Onda 1960 jıldın` juwmag`ı shıg`arılıp, xalıqqa kinoko`rsetiwdi ja`ne de jaqsılaw boyınsha tiyisli qarar qabıllandı.

O`zbekistan ha`m Qaraqalpaqstanda awıl xojalıg`ı tarawında kinoko`rsetiwlerge u`lken a`hmiyet berildi. Onın` jag`dayı ha`m kemshiliklerin du`zetiw maqsetinde 1961 jıldın` 16 iyuninde Oblastlıq partiya sho`lkemi «Awıl xojalıgı fil`mleri o`ndiriw ha`m prokatqa beriwdi sho`lkemlestiriwdi ja`ne de jaqsılaw ila`jları» tuwralı qarar qabılladı. Sebebi Respublikada awıl xojalıgı aldın`g`ılarının` unamlı is ta`jiriybelerin u`git-na`siyatlaw jeterli da`rejede emes edi.

1964 jılı noyabr`de O`zbekistan Respublikası ha`m Qaraqalpaqstan avtonomiyalı Respublikasının` du`zimine 40 jıllıq yubileyi arqalı ko`plegen ila`jlar o`tkerildi. Sonın` ishinde yubileyge arnap xalqımızg`a kontsertler, ko`rgizbeler ha`m kinofil`mler ko`rsetildi. Tek g`ana bir jıldın` ishinde «O`zbekfil`m» kinostudiyası 7 ko`rkem fil`mdi su`wretke alıp, xalqımızg`a ina`m etti. Kinoprokat ushın shıg`arılg`an fil`mlerden «Ulug`bek juldızı» (rejisser Yu.Ag`zamov), «Qaydasan` menin` Zul`fiyam» (rejisser A.Xamraev) ha`m basqalar. Usı jılı o`zbek ha`m qaraqalpaq tillerine 56 ko`rkem fil`mler dublej qılındı. Birneshe ma`rtebe kinofestivallar sho`lkemlestirildi ha`m miynetkeshlerge ma`deniy xızmet ko`rsetildi.

Qaraqalpaqstandag`ı kinoteatrlardın` repertuar qorında fil`mler qatar qısqa ha`m tolıq montajlı hu`jjetli fil`mler, xronikal, ilimiy ko`pshilik fil`mler xalqımızg`a ko`rsetilip barıldı. O`zbekistan ilimiy-massalıq ha`m hu`jjetli fil`mler studiyası Respublikamız turmısınan alıng`an fil`mlerdi shıg`arıw menen shug`ıllandı. Bul studiya 1932 jılı Tashkent ko`rkem fil`mler studiyasınan («Uzbekfil`m») o`z aldına ayırılıp shıg`ıp ko`plegen hu`jjetli fil`mler do`retti. 1933

jıldan birinshi dawıslı kinoocherklerdi shıg`arıp, onı «Qızıl qumdag`ı elat» dep atap, stsenariyasın N.Klado jazg`an bolsa, fil`mdi su`wretke alg`an operatorlardan N.Frantsisson, A.Bulinskiy, A.Saidovların atları tariyx betlerinde qaladı. İlimiy-ko`pshilik ha`m hu`jjetli fil`mler studiyasının` 1964 jıldan o`z aldına g`a`rezsiz islewi na`tiyjesinde 1948-1966 jıllar ishinde «Sovet O`zbekistanı» kinojurnalın ekranlarg`a shıg`arıp otırdı.

1965 jılı 24 aprel`den baslap O`zbekistanda DSFSR dın` dokumentallıq fil`mlerinin` ha`pteligi baslanıp, Qaraqalpaqstan kinoteatrlarında da Rossiya fil`mlerin tamashago`yler ko`rdi. Usı jılı 22-25 iyul` ku`nleri moskvalı ekranlarındag`ı IV-Xalıqaralıq kinofestivaldın` ko`plegen fil`mleri O`zbekistan ha`m Qaraqalpaqstan kinoteatrlarında da xalqımızg`a ko`rsetildi.[10]

1965-jılı 22-27-sentyabr`de Orta Aziya ha`m Qazaqstan Respublikalarının` to`rtinshi da`stu`ri kinofestiva da Alma-ata qalasında o`tkerildi.Sonday-aq kinoteatrlarda 1965-1966 jılları «Uzbekfil`m» studiyasında do`retilgen «Natasha xanım», «Xujdang`a shaqırıq», «Shıdamlılıq» ht.b. fil`mleri ekranlarda ko`rsetildi.

O`zbekistanda birinshi ma`rte «Kino» dep atalg`an jurnaldın` birinshi sanı basılıp shıqtı. Balalar ushın kino ko`rkem o`nerinin` jan`a janrı mul`timlikatsiyalıq birinshi ret «Altınshı kvadrat» dep atalg`an fil`m 1965 jılı islendi.

1966-jıl martta - O`zbekistanlı kino do`retiwshilerdin` Tashkentte Angliyalı kinoshılar menen doslıq do`retiwshilik ushırasıwı o`tkerildi.

1966-jıl mayda – Kievte Pu`tkilsoyuzlıq kinofestivalı juwmag`ı shıg`arıldı ha`m onda O`zbek fil`mlerinen «Ulug`bek juldızı» ekinshi sıylıq ılayıq boldı.7 mayda – No`kis Ma`mleketlik ko`rkem o`ner mu`zeyi ashıldı. – Kinofestival juwmag`ı boyınsha «Tashkentte bir qız jasaydı» ha`m «Buxara sag`an baratırman» fil`mleride sıylıqqa iye boladı. 1966 jılı sentyabr` ayında Qaraqalpaqstannın` barlıq qala ha`m rayonlarında awhamlas Respublikalardın` Doslıq ku`nleri bolıp o`tip, og`an Gruziya, Azerbayjan, Turkmenstan ha`m Qırg`ızstannan bir topar jazıwshı ha`m shayırlar qatnastı. Respublikanın` rayonlarındag`ı ma`deniy u`yleri, klublar ha`m

. sol kitapta.

kinoteatrlarında tuwısqan xalıqlar a`debiyatı wa`killeri menen ushırasıwlar, a`de`iy kesheler bolıp o`tti.

A`lbette ushırasıwlardan keyin kinofil`mler, kontsertlerdi tamashago`ylerge ko`rsetip, ma`deniy xızmet a`melge asırıldı.– Tashkentte kinoshılar u`yi sho`lkemlestiriledi. - O`zbekstan hu`kimeti 1967-1970 jıllarda awıllıq jerlerde kinoteatrlardın` qurılısı tuwralı qararın qabılladı.

1967-jıl 6 aprel` – «SSSR xalıq artisti» degen joqarı ataqqa o`zbek kinostudioartisti R.Pirmuxamedovqa berildi. 1967-jıl 19-iyun`da – Tallin qalasındag`ı «Sınrus» (Doslıq) en` u`lken kinoteatrında o`zbek fil`mlerinin` ha`pteligi ashıldı. 1- iyul`da – «SSSR xalıq artisti» atag`ı kinorejisser Malik Qayumovqa berildi.[1]28 avgustta – Tashkentte Qazaqstan kinofil`mleri festivalı ashıldı jıl dawamında – «Wzbekfil`m» studiyası ta`repinen «Farxadtın` erligi», «Tashkent nan qala» ko`rkem fil`mleri islep shıg`ıldı. Hu`jjetli fil`mlerden «Singapurde ba`ha`r», «Hamzanın` o`limi» ataması islep shıg`ıldı.

1967-jıldın` fevralında O`zbekistan Respublikası Hu`kimeti ta`repinen kinoko`rsetiw xızmetin jaqsılaw ha`m jetilistiriw islerine u`lken a`hmiyet berdi. Sebebi awıllıq jerlerde xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetiw isleri ku`ta` to`men edi. Usı a`hmiyetli jumıstı qolg`a alıw maqsetinde Respublikada 1967-1970 jıllarg`a mo`lsherlengen joba islep shıg`ılıp, qosımsha qarjılar bo`linip, awıllıq kinoteatrlar qurılısın a`melge asırıw ila`jları belgilendi. yanvar` – No`kiste Tashkentten ilimiy ha`m hu`jjetli fil`mler sho`lkemlestirildi. Onın` kollektivi Qaraqalpaq a`debiyatı ha`m iskusstvosı Xorezmdegi ku`nleri haqqında fil`mdi montajg`a tu`siredi.

1968-jıl 10-sentyabr` - O`zbekistan hu`kimetinin` Respublikada ren`li televidenie du`ziw ha`m onın` texnikası bazasın bekkemlew tuwralı qararı qabıllandı. 21-31 oktyabr` – Aziya ha`m Afrika ma`mleketleri birinshi xalıqaralıq kinofestivalı bolıp o`tedi. Onın` devizi «Paraxatshılıq, sotsial progress ha`m xalıqlar erkinligi» dep ataldı. 1-noyabr`de – Tashkentte Kinopressa xalıqaralıq assotsia-tsiyasının` simpoziumı bolıp, og`an 20 ma`mlekettin` kinog`ayratkerleri qatnasadı.

1969-jıl 3-9 martta - O`zbekistanda Qaraqalpaq a`debiyatı ha`m ko`rkem

o`neri ha`pteligi bolıp o`tti. 3-7 oktyabr`de - Ferg`ana qalasında qısqa metrajlı ha`m televiziyalıq fil`mler Birinshi Respublikalıq Festivalı o`tkerildi: onda: «Joldag`ı adamlar» (rejisserı R.Grigorev), «Kanal» (rejisserı M.Kayumov), «Pokrıgunchik» mul`tikila avtora T.Kamalova, «Asirlerden avtograf» E.Axmedov ha`m «Namtar» (№14) fil`mleri sıylıqlandı. 1969-sentyabr` - «Mixail Frunze izi menen» fil`mi O`zbekistan ha`m Vengriya kinohu`jjetshileri ta`repinen telefil`m (10 serial) sıpatında islendi. 1969-oktyabr` – Atma – Ata qalasında Orta Aziya ha`m Qazaqstan Respublikalarında VIII-ko`zden o`tkeriw –konkursı boladı. Onda Sh.Abbasovtın` rejisserlıg`ında su`wretke alıng`an «Tashkent-nan qala» fil`mi en` jaqsı fil`m degen diplomg`a ılayıq boladı.

Usı jilları Qaraqalpaqstanda İlimiy-ko`pshilik ha`m xronikallıq-hu`jjetli fil`mler studiyası sho`lkemlestirilgeni u`lken tariyxıy waqıya boldı.

Bul studiya ta`repinen Qaraqalpaqstan Respublikası madeniy xam ekonomikalık turmısındagı axmiyetli tariyxıy uakıyalar tuwralı birneshe dokumentalllık kinofil`mlerdi su`wretke aldı.

Ha`r jılı bul kinostudiya ta`repinen «Sovet Qaraqalpaqstanı» degen kinojurnal do`retilip, tamashago`ylerdin` dıqqatına usınıldı.[11] Solay etip Qaraqalpaqstanda xalıqtın` qızıg`ıwshılıg`ı ha`m da`wir talabın esapqa alıp O`zbekistan hu`kimeti qararı menen 1970 jıldın` yanvarında «Uzbektelefil`m» studiyası sho`lkemlestirildi. Bul studiya kinofil`mler islep shıg`arıwdın` u`shinshi ma`keme bolıp, endi televiziyalıq fil`mlerdi islep shıg`arıw jumıslarına do`retiwshilik penen kirisildi. Ulıwma biz 50-60 jıllarda kinoko`rsetiw islerinin` birqansha jetiskenliklerge eristi dep ayta alamız.

---

[11] Узбек миллий энсклопедиясы том 4 Т. 2002- 602б бет

# II-Bap . O’zbekistan kino xızmeti XX-a`sirdin` 70-90 jıllarında

## 2.1.O’zbek’stan kino tarmaqlarının’ 70- 80-jıllarda rawajlanıwı.

O`zbekistan Respublikası ha`m Qaraqalpaqstandag`ı ma`mleketlik ha`m ka`siplik awhamlardın` kinotarmaqları xalıqtı o`zine tartıw, ta`rbiya islerin jolg`a qoyıw ha`m kino ko`rkem o`nerine qızıg`ıwshılıqların arttırdı. Sonın` ushında respublikamızdın` kino ko`rkem o`ner g`ayratkerleri. 1971-1976 jıllar dawamında ekranlarg`a 27 ko`rkem fil`m, 17 mul`timlikatsiyalı fil`mler ha`m «Nashtar» satiralıq kinojurnalının` 35 sanın shıg`ardı. Ha`r jılı sovet ha`m shet ellerdin` 100 ge jaqın fil`mlerin o`zbek ha`m qaraqalpaq tillerine awdarıp, dublyaj islewge eristi.[12] O`zbek kinodo`retiwshileri 1970 jılı 13-22 mayda Moskvada o`tkerilgen Pu`tkilsoyuzlıq kinofestivalda qatnasıp qayttı.

O’zbek’stan Respubliksı kinoteatrları tarawlarının` rawajlanıw jolına na`zer salsaq 70-80-jıllarında da xalqımızg`a ma`deniy xızmet ko`rsetiwde aytarlıqtay jetiskenliklerge eriskenin ko`riwge boladı. O`zbekstanda u`shinshi xonadan«O’zbektelefil`m» studiyası du`zildi.

1970-jıl 13-22 mayda – Moskvada Pu`tkil Soyuz IV-kinofestivalg`a o`zbek kinodo`retiwshiligi qatnasıp qaytadı. 15-23 sentyabr` - O`zbekstan paytaxtında Aziya ha`m Afrika ma`mleketleri xalıqaralıq kinofestivalı bolıp o`tedi. 23 fevral` – Margilan qalası kinoteatrında ataqlı negr qosıqshısı Pol Robsonnın` o`miri ha`m do`retiwshiligine arnalg`an fotoko`rgizbe ashıldı. 1971-jıl 10-18 fevral` - Tuwısqan Respublikalardın` hu`jjetli fil`mleri festivalı o`tedi.

1971-jıl 4 iyunnen baslap - Tashkent teleorayında ren`li ko`rsetiwler 40 minut dawam etedi. Usı bag`darlamada O`zbekstan ko`rkem o`ner g`ayratkerlerinin` kontsertin ha`mme tamashago`ylerge usınadı.

1971 -jıl iyul`da – Budanıy qalası ekranlarında İozef Kindin` «O`zbek Rameosı» atlı fil`mi ko`rsetiledi ja`ne bul rejede «Ju`z jıllıq» fil`mi O`zbekstannın`

---

Тюриков В. День за днем. Хроника культурной жизни Узбекистана 1917-1987 г.г. –Ташкент. Изд-во «Г.Гулам», 1987. стр. 169 - 182.

burını ha`m ha`ziri tuwralı so`z etedi. 20-25 oktyabr`de – Shvetsariyanın` Nione degen qalasında Xalıqaralıq kinofestival o`tkerildi. O`zbekistanlı kinoshılardın` 29 ko`rkem hu`jjetli fil`mleri usınıldı.

1971-jılı – «O`zbekfil`m» kinostudiyası ekrang`a 5 ko`rkem fil`mi shıg`adı. Solardan «Neojidannoe ryadom», «Qarsılasıw», «Muhabbat draması», «Bez straxa, Semurg» fil`mleri ko`rsetildi.

Egerde 1970 jılı awıl miynetkeshlerge 260 kinoustanovka xızmet etken bolsa, 1975 jılı onın` sanı 300 ge jetedi. Sonın` ishinde 270 kinoustanovka awıl xalqına kino arqalı ma`deniy xızmet ko`rsetedi, ulıwma kinofil`mlerdi tamashago`yler sanı 7,4 ma`rtebe o`sti. Tek g`ana No`kis qalasında kinoteatrlar sanı 1970 jılı 15 orında bolg`an bolsa, 1975 jılı sanı 22 ge jetti. (1) A`sirese, paytaxttag`ı «Rodina», «Oktyabr`», «Vostok», «Zarya» kinoteatrlarg`a tamashago`ylerdin` izi u`zilmesten, ku`nine 6-8 ma`rtebe kinoseanslar bolatug`ın edi. Ja`ne de usı jılları 14 rayonlıq kinoteatrlar, 130 statsionarlıq ha`m ko`shpeli kinoustanovkalar jumıs alıp bardı.

Xalıq xojalıgının` o`siwi ha`m sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwdın` barısında 1967 -jılı No`kis rayonı, 1970- jılı Qanlıko`l rayonı, 1975 -jılı Qarao`zek , 1977-jılı Elliqqala ha`m 1979-jılı Bozataw rayonlarının` jan`adan du`ziliwi na`tiyjesinde ma`deniy xızmet ko`rsetiw salası ja`ne de ken`eydi.

Qaraqalpaqstannın` Beruniy rayonında suw alıw jag`daylarına baylanıslı 1969-1970 jıllarda ma`deniyat ha`m ko`rkem o`ner tarawlarına da u`lken zıyan o`tkizildi. Bul ta`biyg`ıy apatshılıqtın` aqıbetlerin saplastırıwg`a pu`tkil Respublika xalqı belsendilik penen kiristi. Respublika hu`kimeti Beruniy rayonlıq «Mir» kinotearın suw jıqqını da`wirinde u`lken zıyan ko`rgenin esapqa laıp 14,7 mın` Sum qosımsha qarjı ajırattı. (1)

1971 jılı Respublikamız kinoteatrlarının` ekranlarında 5 tolıq metrajlı : «Tosınnan boldı» (rejisser Z.Sabirov), «Sxvatka» (rejisser U.Nazarov), «Muxabbat» draması (rejisser Sh.Abbasov), «Qorqınıshsız» (rejisser A.Xamraev), «Semurg» (rejisser X.Fayziev) degen fil`mler ko`rsetildi.

---

[1] Aytmuratov J. Razvitie kul`turı Karakalpakstana v 70-90 godı Nukus 1997. 35 bet

«Uzbekfil`m» studiyasının` ja`rdeminde o`zbek ha`m qaraqalpaq tillerinde 82 ko`rkem fil`mler ekranlarg`a shıg`arıldı. Bunday jag`day mın`lag`an jergilikli xalıq ushın anna tilindegi kinofil`mlerdi ko`riw mu`mkinshiligin berdi. Usı jıllardan baslap «O`zbekistan» telejurnalının` jan`a fil`mleri ko`rsetildi.

1972-jıl 29-fevral` – Tbiliside V-pu`tkilsoyuzlıq kinofesti-valdın` saltanatlı jabılıwı bolıp o`tedi. 24- may – 2 iyun` – Tashkentte Aziya ha`m Afrika ma`mleketleri ekinshi xalıqaralıq kinofestivalı bolıp o`tedi.

1972-jıl 4 sentyabr` – Litvada O`zbek fil`mleri ha`pteligi ashıldı. Onda o`zbek kinosına arnalg`an «Ekran nedeli» atamasında sholıw sho`lkemlestirildi. 8-13 sentyabr` – Tashkentte Ha`wesker fil`mler pu`tkilsoyuzlıq festivalı bolıp o`tti. 18 sentyabr` – Qırg`ızstanda O`zbekstan Respublikası fil`mleri ha`ptelik ko`rsetiwi boldı.

1972-jıl oktyabr` – Sverdlov oblastında o`zbek fil`mleri ha`m kino ustalarının` do`retiwshilik esabatın sho`lkemlestiriw.

1972-jıl 20-26 dekabr` – Respublikamızda RSFSR kinosı ha`pteligi bolıp, onda Ural kinodo`retiwshiliginin` esabatın beredi.

1973-jıl yanvar` – Bangladesh Respublikası tuwralı hu`jjetli fil`mi su`wretke alıwda O`zbekstan kinoshıları Maman Qayumovtın` basshılıg`ında qatnastı.

1973-jıl 26 aprel` – Alma-Ata qalasında VI-Pu`tkil Soyuzlıq kinofestival bolıp o`tti. Onda «Seni ku`temiz jigit» degen (Wzbekfil`m) fil`mi ekinshi sıylıq berildi.

1973-jıl 28 aprel` – Kinorejisser Kamil Yarmatovqa «Miynet qaharmanı» degen joqarı ataq berildi. (tuwılg`anına 70 jıl)

1973-jıl 26 iyun`da – Ferganada qısqa metrajlı fil`mlerdin` III-Respublikalıq festivalı o`tkerildi.

1973-jıl 6 avgustta – Tashkent qalasında jan`adan O`zbekstan «Kino ko`rkem o`neri» degen mu`zey ashıldı.

1973-jıl noyabr` ayında - O`zbekstanda Sofiya «İnterfil`m» studiyasının` rejisserı X.Oliver basshılıg`ında kinog`a tu`siriwshi toparı boldı.

---

Tyurikov V. Den` za dnem. Xro[1]nika kul`turnoy jizni Uzbekistana 1917-1987 g.g. –Tashkent. İzd-vo «G.Gulam», 1987. str. 191-203.

1972 jılı may ayında Tashkent qalasında Ekinshi ma`rtebe Aziya ha`m Afrika ma`mleketlerinin` Xalıq aralıq kinofestivalı o`tkerildi.

Festival ku`nleri 24 maydan 2 iyun`ge shekem kinoxızmetkerleri de kinoteatrlarg`a shıg`arılg`an jan`a fil`mlerdi tamashago`ylerge ko`rsetip bardı. İri kinoteatrlarda O`zbekistan kinodo`retiwshiler menen ushırasıwlar, do`retiwshilik kesheleri sho`lkemlestirildi.

Karaqalpaqstan avtonomiyalı Respublikası kino tarmaqlarının` xızmetkerleri 1973 jılı awıl miynetkeshlerine ma`deniy xızmet ko`rsetiwine u`lken itibar berdi. Sebebi bul jılı ma`mleketke burın bolıp ko`rmegen mug`darda 339 mın` tonna narqı tapsırıldı, barlıq rayonlar xalıq xojalıq jobaların orınlap shıqtı.

Paxtakeshlerge kino xızmet ko`rsetiwde respublikadag`ı 20 kinoteatr, 270 kinoustanovkalar, ko`shpeli kinoavtomobil`leri xızmet etti. Tashkent qalasında «O`zbekistan kino oneri» dep atalgan 1974-jıl fevral` ayında – Tokioda qalasında «Sinema Karokuen» kinoteatrında sovet fil`mlerinin` bir aylıg`ı bolıp o`tedi.

O`zbekstanlı kinoshılardın` «Aziya u`stinde dawıl» degen fil`mi tamashago`ylerge usınıldı.

1974-jıl 12-19 aprel` – Baku qalasında VII –Pu`tkil soyuzlıq kinofestival bolıp o`tedi. Festival juwmag`ında «Wzbekfil`m» studiyasının` «Ushırasıwlar ha`m xoshlasıwlar», «Issı saat» fil`mlerine sawg`alar tapsırıldı. 1974-jıl 20-30 mayda – Tashkentte Aziya ha`m Afrika ma`mleket-lerinin` Xalıqaralıq kinofestivalı o`tkerildi. 1974-jıl 10 oktyabr`de – O`zbekistan kino ko`rkem o`neri ha`pteliginin` ashılıwı boldı.

1975-jıl 18-24 aprel` – Kishinevte VIII-Pu`tkil soyuzlıq kino-festival boladı. Onda en` baslı sıylıqtı «Abu Rayxan Beruniy» kartinasına berildi. 1975-jıl sentyabr` – Bryussel` (Bel`giya) O`zbekistan kinosı ha`pteligi, xudojniklerinin` ko`rgizbesi, «Lyazgi» vokal ansambli kontsertleri ko`rsetildi. talg`an jan`a muzey 1973 jılı 6-avgust ku`ni saltanatlı tu`rde ashıldı.

1974 jılı 13 fevral` ku`ni Qaraqalpaqstannın` paytaxtı No`kiste RSFSR a`debiyatı ha`m iskusstvosı ku`nleri saltanatlı ra`wishte ashıldı. Keyin 27 fevral`dan

2 martqa shekem Qaraqalpaqstan ma`deniyatı ku`nleri Moskva qalasında o`tkerildi ha`m ja`miyetlik-ma`deniy turmısımızdın` u`lken waqıyası boldı.

Bul ma`deniyat ku`nleri ullı doslıq bayramı, xalıqlar ha`m ma`deniyatlar tuwısqanlıg`ının` bayramı bolıp o`tti. Respublika miynetkeshleri tuwısqan rus a`debiyatı ha`m ko`rkem o`nerinin` a`jayıp shıg`armaları menen tikkeley tanısıwg`a miyasar boldı. Teatr, filormoniya, kinoko`rsetiw, ma`deniyat ma`kemeleri, jazıwshılar, xudojnikler, kompozitorlar, akterlar, muzey xızmetkerleri arasında ushırasıwlar bolıp o`tti. A`sirese a`debiyat ha`m ko`rkem o`ner wa`killerinin` Moskva miynetkeshleri menen, RSFSR dın` do`retiwshilik g`ayratkerleri menen o`z-ara ushırasıwları da`wir talabına juwap berdi. Respublikamızdın` kinofikatsiya xızmetkerleri de o`zlerinin` bar bolg`an mu`mkinshiliklerinen paydalanıp xalıqqa miymanlarg`a jan`a fil`mler qoyıp berdi. Kinoteatr zallarında Rossiya ko`rkem o`ner sheberlerinin` u`lken kontsertleri bolıp o`tti.

Respublikamızdın` «O`zkinoxronika» nın` Qakraqalpaqstan filialı ta`repinen, 1975 jılı sentyabr` ayında To`rtinshi ma`rtebe o`tkerilgen O`zbekistan studiyalarının` qısqa metrajlı ha`m televiziyalıq fil`mler festivalı ku`ta` jaqsı da`rejede boldı. Bul festivalda Qaraqalpaqstan kinomotografistleri do`retken «Abdullaev shın`ı» fil`mine sıylıq berildi ha`m joqarı bahalandı. (511 bet Qaraqalpaqstan tariyxı)

1975 jılı respublikamızdın` xalqına barlıg`ı bolıp 291 kinoustanovka xızmet ko`rsetti.[13] Sonın` ishinde rayonlar boyınsha kinoteatrlar sanı No`kis qalasında – 22, To`rtkul rayonında – 29, Beruniy rayonında-23, Amudar`yada – 31, Xojelide – 21, Shımbayda – 21, Moynaqta – 14, Kegeylide – 16, Qon`ıratta – 14, Taxtako`pirde 10,orında xalıqqa kino xızmetlerin ko`rsetti. (1)

1976 jılı noyabr` ayında Qaraqalpaqstanda Bashqurdstan a`debiyatı ha`m ko`rkem o`ner g`ayratkerlerinin` ku`nleri bolıp o`tti. Dekada ku`nleri tuwısqan Bashqurdstan ma`deniyatı, a`debyatı ha`m iskusstvosı menen Qaraqalpaqstan xalqı ja`ne de jaqınnan tanıstı, do`retiwshilik sho`lkemleri ag`zaları: jazıwshılar, shayırlar, kinomotografistler, teatr ag`zaları, qosıqshıları menen ushırasıwlar bolıp

---

[13] Народное хояйства Каракалпакой АССР за 1976-1980 годы. Стст сборник Нукус 1981 190 стр

o`tti. Miymanlar Respublikamızdın` rayonlarında bolıp, ma`deniyatlar arasında baylanıslar teren`ley tu`sti. Kinofikatsiya xızmetkerleri de ma`deniyat ku`nlerine belsendilik penen qatnastı.

1976-jıl 19-29 may – Tashkentte Aziya, Afrika ha`m Latın Amerikası ma`mleketlerinin` IV-Xalıqaralıq kinofestivalı sho`lkemlestirildi. Usı jılı aprel` ayında Frunze (ha`zir Bishkek) qalasında Pu`tkilsoyuzlıq tog`ızınshı kinofestivalı o`tkeriledi. Bul festivalda birinshi sıylıqqa: «Mosfil`m» kinostudiyasında islep shıg`ılg`an «Karvalannın` ju`regi» ha`m O`zbekistan ilimiy populyar ha`m hu`jjetli fil`mler studiyasının` «Tın` jer» atlı hu`jjetli fil`mleri miyasar boldı. Fil`m avtorları M.Kayumov, X.G`ulam, K.Simonov ha`m rejisser İ.Gibalievichlerdi atap o`tsek boladı.

Ja`ne de rejisser E. İshmuxammedovtın` «Na`ziklik» (Nejnost`) kartinası eki ma`rtebe xalıqaralıq sıylıqtı aldı. Birinshisi – Lokarno kinofestivalında priz alsa, ekinshiden Frnakfrut – na – Mayne qalasındag`ı kinofestivaldın` jyuri ta`repinen bergen arnawlı prizine fil`m rejissurası ılayıq dep tabıldı.

1977-jıl 29 oktyabr` - «O`zbekstan jaslar sıylıg`ı» laureatı atag`ı «Wzbekfil`m» studiyasının` akterı O.G`aniev, rejisserı K.Kamalova, xudojnigi B.Jamalov, arxitektorı Ya.Afanas`evlerge berildi. Noyabr`de - 1977-jıldag`ı do`retiwshilik tabısları ushın O`zbekistan Respublikasının` ma`mleketlik «Xamza» sıylıg`ına kinostudiyada islep shıg`ılg`an. Eki soldat tuwralı povesti ko`rkem fil`minin` avtorları postanovkashı rejisser Z.Sabitov, stsenariya avtorları U.Umarbekov, N.Figgurovskiy, operatorı L.Travitsskiy, su`wretshi – V.Senichenkolar ılayıq boldı.

1978-jıl 16 yanvar`da – Moskvadag`ı «Tashkent» kinostudiyasında xronikal`-hu`jjetli fil`mleri o`tkerilip, onın` uranı «O`zbekstan jaslıg`ı» atamasındag`ı kinokratinalarda respublika jaslarının` jetiskenlikleri o`zinin` sa`wdesin taptı. 1978-jıl 5-13 aprel` – Erevan qalasında Pu`tkilsoyuzlıq XI-kinofestivalında «O`zbekfil`m» kinostudiyasının` «Issı quyash astında» kartinasında hayallar rolin jaqsı atqarg`anı ushın aktrisa D.Qambarova birinshi orındı jen`ip aldı.

1978-jıl noyabr`-dekabr` aylarında – Germaniya demokratiyalıq Respublikasının` Leyptsig qalasında o`tkerilgen XXI-xalıqaarlıq hu`jjetli ha`m qısqa metrajlı fil`mler kinofestivalında rejisser M.Kayumovtın` «Paranja» fil`mine «Altın kepter» degen hu`rmetli sıylıq berildi. Bul fil`m kino ha`m televidenie arqalı ko`rsetiw ushın

1979-jıl 11-19 may – Ashqabad qalasında XII-Pu`tkilsoyuzlıq kinofestival o`tkerildi ha`m onda rejisser K.Kamalovanın` «O`zgenin` baxtı» degen fil`mi arnawlı diplomg`a ılayıq boldı. Sonday-aq, «Tırnalar balası» tolıq metrajlı fil`minin` operatorları D.Salimov ha`m V.Pogos`nyatslarg`a festival diplomı berildi. 1979-jıl 21 sentyabr`de - O`zbekistan Joqarg`ı Sovetinin` pa`rmanı menen «O`zbekfil`m» kinostudiyasının` rejisserı Yu.Ag`zamov «Awqamnın` xalıq artisti» degen joqarı nagradası berildi. 1979-jıl 1-sentyabr`de – Pu`tkilsoyuzlıq ma`mleketlik kinomoto-grafiya institutının` janındag`ı o`zbek aktyorlarının` arnawlı ustaxanası ashıldı ha`m og`an O`zbekstanlı 15 adam oqıwın basladı. 1979-jıl 11-noyabr`de – «Bul Qoqandta bolg`an edi» degen 3 seriyalı ko`rkem fil`mdi do`retiwshilerge O`zbekstan Respublikası Ma`mleketlik «Xamza» sıylıg`ı berildi.

Bul fil`mnin` avtorlarınan rejisserı U.E.Nazarov operatorı A.İ.İsmaylov, xudojnigi S.M. Zulmuxamedov, kitaptın` avtorı N.Nikitin esaplanadı. 1979-jıl 21-27 noyabr` ku`nleri – Baku qalasında VIII-Pu`tkilsoyuzlıq televiziyalıq fil`mler festivalı bolıp o`tip, onda rejisser Sh.Abbasovtın` «Otlı jollar» (4 seriyalı) kinokartinası bas prizdi alıwg`a ılayıq boldı. 1980-jıl 26-mart – İtaliyanın` San-Remo qalasında bolıp o`tken XXIII – Xalıqaralıq festivalda rejisser A.Xamraevtın` «Trintak» fil`mine Gran-pri berildi. 1980-jıl 9-16-aprel` – Dushanbe qalasında XIII-Pu`tkil soyuzlıq kinofestival` o`tkerildi. «Wzbekfil`m» de su`wretke alıng`an «Ali Baba ha`m 40 qaraqshı» E.Kalandarov ha`m Babu Rao Podariylerge festival` prizin berdi. 1980-jıl 20-30 mayda – Tashkente VI-ma`rtebe Aziya, Afrika ha`m Latın Amerikası ellerinin` xalıqaralıq kinofestivalı bolıp o`tedi.

1980-jıl 19 noyabr`de – Portugaliyanın` Santaren qalasında Xalıqaralıq kinofestival bolıp o`tip, onda O`zbekistan kinodo`retiwshiliginin` «Shag`al» degen fil`mine gu`mis sıylıq beriledi.

Qaraqalpaqstan hu`kimeti ha`m oblastlıq partiya sho`lkemi «Respublika awıl xalqına kinoko`rsetiwdi bunnan bılayda jaqsılaw ila`jları tuwralı»

qarar qabılladı. Usı jılı «Avtonomiyalı respublikadag`ı kinoteatrlar ha`m kinoustanovkalardı ken`eytiriw haqqında» 24 – iyul`de qarar qabıllandı.

Atap o`tilgen qararlarda respublikada kino xızmetin ja`ne de jetilistiriwge baylanıslı konkret isler belgilendi.

Tek g`ana To`rtkul rayonında usı qarardı orınlaw bag`darında 1976-1980 jıllarda ayırım ma`deniy-sotsiallıq ma`kemeler iske tu`sirildi. Sonın` ishinde To`rtkulde «Qırq qız» kinoteatrı (600 orınlıq) muzıka mektebi, balalar ha`m oqıwshılar u`yi ha`m 20 mın` orınlıq stadion tapsırıldı.[14]

Ulıwma alg`anda 1980 jılg`ı statistikalıq mag`lıwmat boyınsha Qaraqalpaqstanda kinoustanovkalar sanı 361 ge jetti. Sonın` ishinde qalalarda 93 orında ha`m rayo nlarda 268 orında (1) kinoko`rsetiw islerin a`melge asırdı. 1985 jılg`a kelip kinoustanovkalar sanı 411 ge jetken bolsa, 1989 jılı 413 ge jetti. Bul jılları jan`adan kinoteatr imaratların qurıwg`a u`lken a`hmiyet beriledi. 1975-1980 jılları respublika boyınsha barlıg`ı bolıp 20 qısqı kinoteatrlar, 8000 orınlıq ha`m 18 jazg`ı teatrlar 7000 orınlıq bolıp jan`adan qurıldı ha`m paydalanıwg`a tapsırıldı. Bul kinoteatrlar ushın keyingi markadag`ı kinou`skeneleri ha`m apparatları satı [1]p alındı. Alıng`an apparatlarda ha`zirgi zaman texnikalıq u`skenelerdi paydalandı. Kinoteatr jaylarında jılıtıw ha`m hawanı tazalaytug`ın texnikalıq qurallar ornatılg`an edi.

1978 jılı Respublikada birinshi ma`rtebe Berdaq atındag`ı ken` formatlı ekrang`a iye bolg`an tipovoy kineoteatrlardın` imaratı paydalanıwg`a tapsırıldı.[15] Solay etip 70-80 jıllarda Qaraqalpaqstanda kinoko`rsetiw tarawları ken`eyip, xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetiw isleri aytarlıqtay da`rejede rawajlandı.

Qaraqalpaqstan kino ko`rkem o`nerinin` rawajlanıwına 1970-1980 jılları O`zbekistan xalıq artisti, Miynet qaharmanı, Xamza taındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı, ataqlı kinorejisser ha`m kinooperator Malik Kayumovtın` qosqan

---

[14] Айтмуратов китабы 38 бет

[15] Народное хояйства Каракалпакой АССР за 1976-1980 годы. Стст сборник Нукус 1981 190 стр

u`lesi ayrıqsha bolıp tabıladı. «O`zbekfil`m» kinostudiyasının` Qaraqalpaqstan filialı 1970 jılı sho`lkemlestirilgende birinshi direktor bolıp ataqlı qaraqalpaq xalıq jazıwshısı, shayırı, dramaturgi Jolmurza Aymurzaev islegen edi. Solay etip, Qaraqalpaqstanda o`zinin` kinostudiyasına iye boldı.

1981-jıl 26-yanvra`da – Moskvada o`tkerilgen kinofestivalda O`zbekstan kinoshılarının` do`retken «Watanıma xızmet etemen» degen ko`rkem fil`mi tamashago`ylerdin` o`lken alg`ısına ılayıq boldı. Bul fil`m avtorları O`zbekistan «Xamza» atındag`ı ma`mleketlik sıylıg`ın aladı. 1981-jıl 15-aprel`de – O`zbekstan kino do`retiwshilerinin` besinshi s`ezdi bolıp o`tedi. 1981-jılı – Berlin qalasında O`zbek kinoiskusstvosının` ku`nleri bolıp o`tedi.

1982-jıl 27-mayda – Tashkentte «Kinoshılar u`yi» nin` jan`a imaratı saltanatlı tu`rde ashıladı. 1982-jıl 10-sentyabr`de – «Tashkent altın gu`zi» atamasında Pu`tkil soyuzlıq ko`rkem o`ner festivalı 10 ku`n dawamında bolıp o`tti. 1982 jılı «O`zbekfil`m» kinostudiyasında belgili qaraqalpaq jazıwshısı T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq qızı» romanı negizinde «Qaysar qız» degen ko`rkem fil`m do`retildi. Onı islewde stsenariy avtorı G. Marenovskiy, rejisser – postanovshik O`zbekistan xalıq artisti A.Kabulovlar u`lken talantların ko`rsetti. Ko`rkem fil`mdegi Jumagu`l obrazın – artistka T.Shakirova, onın` qaynenesi rolin fil`mde Qaraqalpaqstan xalıq avrtisti 1983-jıl noyabr`de – Frantsiyanın` Sen-Nazer qalasındag`ı o`tkeril-gen ha`wesker kinofil`m do`retiwshilerinin` festivalında O`zbekstannın` «Splav» kinostudiyasının` «Jabılmaytug`ın esik» atlı fil`mi xalıqaralıq kinofestivalı sıylıg`ın aldı. 1983-jıl 28 oktyabr`de – Ma`mleketlik «Xamza» sıylıg`ına «Qaysar qız» ha`m «Leningradlılar, menin` balalarım» ko`rkem fil`mleri ılayıq dep tabıldı. 1983-jıl noyabr` – Siriya Arab Respublikasının` paytaxtında III-Damashxtag`ı xalıqaralıq kinofestivalı bolıp o`tti. Bul festivalda kinorejisser E.İshmuxammedovtın` «Danıshpan jaslıg`ı» fil`mi arnawlı sıylıq berildi. Onın` stsenariysin O.Agishev jazg`an edi.

Sulıw Allamuratovalar ku`ta` ta`sirli ha`m isenimli tu`rde oynag`an edi.[16] Usı fil`mdi do`retiwshiler 1983 jılı O`zbekistan Respublikasına a`debiyat,

[16] Айтмуратов Ж. китабы 58 бет

iskusstvo, arxitektura tarawındag`ı Xamza atındag`ı ma`mleketlik sıylıg`ı berildi. Tek g`ana kinoko`rsetiw isleri jolg`a qoyılmastan kino islep shıg`arıwg`a da Qaraqalpaqstanda ken` jol ashıldı.

1984-jıl 23 mayda – Tashkente Aziya, Afrika, Latın Amerikası ma`mleketlerinin` VIII-Xalıqaralıq kinofestivalı bolıp o`tedi.

1983-jıl 11-sentyabr`de – Qırg`ızstannın` Frunze qalasında O`zbekstan kino ku`nleri o`tedi. 1983-jıl 25 sentyabr`de – O`zbekstanda «Tu`rkmen kinosı ku`nleri» o`z jumısın basladı. 1983-jıl sentyabr`de – O`zbekstan hu`kimeti ta`repinen Respublikada 1984-1990 jıllarda televidenie tarawının` materiallıq-texnikalıq bazasın rawajlandırıw tuwralı qararı qabıl etildi. 1984 jılı kino xızmeti-joqarı da`rejege ko`teriwge ayrıqsha miynetleri menen ko`zge tu`sken Qon`ırat rayonlıq kino-direktsiyasının` direktorı O`serbay Quandıkov esaplanadı. Bunnan 25 jılday burın rayonlıq partiya komitetinin` tapsırıwı boyınsha ma`deniyat bo`limi baslıg`ının` orınbasarı al son` kino-direktsiyasının` direktorı bolıp tayınlang`an ol o`zin sheber sho`lkemlestiriwshi sıpatında tanıta bildi. Bul jıllar ishinde awıl ha`m qala xalqına kino xızmetin ko`rsetiwdin` da`rejesi a`dewir jaqsılandı, jolg`a qoyıldı. Kinoteatrda miynetkeshlerdin` su`yikli dem alıwlarına aylandırıwg`a, miynetkeshler massası arasında jan`a fil`mlerdi u`git-na`siyatlawg`a u`lken dıqqat awdarıldı.

Na`tiyjede rayonlıq kino-direktsiya kollektivi avtonomiyalıq respublikamızdag`ı aldın`g`ı kolletivlerden biri sıpatında tanıldı. Sol waqıtta miynetkeshlerge u`sh jazg`ı, u`sh qısqı kinoteatrlar menen bir ko`shpeli kinoustanovka u`lgili xızmet ko`rsetti. A`sirese, qala orayındag`ı 400 orınlıq jan`a tiptegi «Fakel`» kinoteatrı, «Altın ko`l» poselkası orayınan salıng`an jan`a «A`jiniyaz» kinoteatrları kollektivleri ayrıqsha miynet etpekte. «A`jiniyaz» kinoteatrındag`ı 150 orınlıq kishi zalda balalarlarg`a arnalg`an fil`mlerdi ko`rsetiw jolg`a qoyıldı. Zaldın` ishi erteklerdin` syujeti tiykarında salıng`an reklama ha`m su`wretler menen sulıw etip bezelgen. Bul balalardın` qızıg`ıwshılıg`ın arttırıp, olardı estetikalıq ta`rbiyalawda u`lken a`hmiyetke iye.

Kinoteatrda ko`rkem fil`mler menen bir qatarda xalıq xojalıg`ının` ha`r qıylı tarawlarına arnalg`an hu`jjetli fil`mlerde ken` tu`rde ko`rsetip bardı. Bul kollektivte o`z-ara jarıs en jaydırılg`an. Kinomexaniklerdin` Qurbanalı Orazaliev, Ko`bey Qutlımuratov, Serik Serg`azievler jarıs aldın`g`ıları bolıp tabıladı. Sonday-aq kassir Anyuta Li, administrator Qabıl Rejepov, kinomexanik Quralbay Qoshqarovlarda o`zlerinin` jaqsı xızmetleri menen ko`zge tu`sip ju`r.[17]

Demek bul jılları Ozbekstan xam Qaraqalpaqstan miynetkeshlerine kino xızmetlerin alıp barıwda aytarlıqtay isleniw menen qatar, bul tarawda u`lgili miynetleri menen xalıqtın` alg`ısına iye bolg`an ma`deniyat xızmetkerleride bar edi. Biz olardın` kinoko`rsetiw tarawındag`ı islegen u`lgi alarlıq dep esaplaymız.

1985-jıl 19 mart – Tashkente Awqam ha`m GDR kinodo`retiwshi-lerinin` «Paraxatshılıq ushın gu`resiw televiziyalıq fil`mler» atamasında eki ta`repleme simpozium o`tkeriledi. 1985-jıl 29 oktyabr`de – Orta Aziya ha`m Qazaqstan respublika-larının` kinofil`mler ko`zden o`tkeriwde Tashkent qalasında bolıp o`tedi.

1986-jıl 11 fevral`da – Respublikalıq konkursta «Rezonans» ha`weskerlik studiyasının` «Biz paraxatshılıq ta`repdarımız» kinolentasın islegen. Mubarek gazdı qayta islew zavodlarının` isshisi M.Klititnik ha`m Ferg`ana tekstil kombinatının` «Fed» studiyası islep shıqqan «İsenim» degen kino kartinasına sıylıqlar berildi. 1986-jıl 28 aprel`de – Alma Atada XIX Pu`tkil soyuzlıq kinofestival o`z jumısın toqtattı. Bul festivalda rejisser E.İshmuxammedovtın` «Xosh bol, jasıl jazım» kartinası en` baslı sıylıqqa ılayıq dep tabıldı. 1986-jıl 20-30 mayda – Tashkentte Aziya, Afrika ha`m Latın Amerikası ellerinin` IX- Xalıqaralıq kinofestivalı o`tkeriledi. Usı jılı «Brno-16» dep atalg`an ha`wesker oyın fil`mlerdin` xalıqaralıq festivalı O`zbek televidenie rejisserı D.Musakova ha`m operatorı B.Lebedevalardın` «Sudnıy den`» fil`mi, Altın medal`g`a ılayıq boldı. 1987-jıl yanvar` – Hindistan paytaxtı Deli qalasında XI-Xalıqaralıq kinofestivalda «Xosh bol jasıl jaz» fil`mi (rejisser E.İshmuxammedov) «Altın pavlin» prizine ılayıqlı boldı. 1987-jıl 18-fevral`da – Tashkent «Moskva» kinoteatrında O`zbekstanda birinshi ma`rtebe video bag`darlamaha`m jan`a fil`mler ushın

[17] Еркин Караклпакстан газетасы 27 август 1992ж 146 бет

videosalonlar ha`m kino ko`rsetiw orınları basqa jerlerde de sho`lkemlestirile basladı.

Juumaklap aytkanda kinoteatrlardın jumısların jetilistiriu, xalıkka xızmetlerin joqarı da`rejege ko`teriwge ayrıqsha dıkkat berildi. Respublika kinoshıları tınbastan miynet etip xar kanday kıyınshılıklarga karamastan rayon orayları, kolxoz, sovxozlar,auıl miynekeshleri arasında bolıp janadan- jana fil`mlerdi korsetiudi dauam ettirdi. Respublikada bul jıllar ishinde kala, rayon, awıl ha`m maxallelerdin xalqına kino xızmetin ko`rsetiwdin` da`rejesi a`dewir jaqsılandı, xam jolg`a qoyıldı. Kinoteatrdı miynetkeshlerdin` su`yikli dem alıw oraylarına aylandırıwg`a, miynetkeshler xalkımız arasında jan`a fil`mlerdi u`git-na`siyatlawg`a u`lken dıqqat awdarıldı.

Na`tiyjede rayonlıq kino-direktsiya kollektivi avtonomiyalıq respublikamızdag`ı aldın`g`ı kolletivlerden biri sıpatında tanıldı. Sol waqıtta miynetkeshlerge u`sh jazg`ı, u`sh qısqı kinoteatrlar menen bir ko`shpeli kinoustanovka u`lgili xızmet ko`rsetti. A`sirese, qala orayındag`ı 400 orınlıq jan`a tiptegi «Fakel`» kinoteatrı, «Altın ko`l» poselkası orayınan salıng`an jan`a «A`jiniyaz» kinoteatrları kollektivleri ayrıqsha miynet etpekte. «A`jiniyaz» kinoteatrındag`ı 150 orınlıq kishi zalda balarlarg`a arnalg`an fil`mlerdi ko`rsetiw jolg`a qoyıldı. Zaldın` ishi erteklerdin` syujeti tiykarında salıng`an reklama ha`m su`wretler menen sulıw etip bezelgen. Bul balalardın` qızıg`ıwshılıg`ın arttırıp, olardı estetikalıq ta`rbiyalawda u`lken a`hmiyetke iye.

Kinoteatrda ko`rkem fil`mler menen bir qatarda xalıq xojalıg`ının` ha`r qıylı tarawlarına arnalg`an hu`jjetli fil`mlerde ken` tu`rde ko`rsetip bardı. Bul kollektivte o`z-ara jarıs en jaydırılg`an. Kinomexaniklerdin` jarıs aldın`g`ıları bolıp tabıladı. Sonday-aq kassir Anyuga Li administrator Qabıl Rejenov kinomexanik Quralbay Qoshqarovlarda o`zlerinin` jaqsı xızmetleri menen ko`zge tu`sip ju`r.[18]

Demek 70-80 jıllarda Qaraqalpaqstan miynetkeshlerine kino xızmetlerin alıp barıwda aytarlıqtay isleniw menen qatar, bul tarawda u`lgili miynetleri menen xalıqtın` alg`ısına iye bolg`an ma`deniyat xızmetkerleride bar edi.

---

[18] Еркин Караклпакстан газетасы 27 август 1992ж 146 бет

## 2.2 G`a`rezsizlik jıllarında kino ko`rkem o`neri

O’zbekistan Respblikası Prezidenti İslam Karimov«Kino iskusstvosının’ insan sanası ha’m oy-pikiri,jamiyet turmısına ta’siyri sheksiz ekenligin esapqa ala otırıp,garezsizlik jıllarında milliy kinomatografiyanı da ha’r ta’repleme rawajlandırıw, bul boyınsha za’rur materiallıq ha’m ruwxıy sharayatlardı jaratıw boyınsha a’melge asırılg’an ken’ ko’lemli is ilajlar arkalı jana-jana fil`mler suuretke alınbakta, olar arkalı tariyxımız xam bugingi turmısımız benen baylanıslı turli temalar sawlelendirilmekte»(1) degen edi. Mine usı pikirlerdi esapqa alg’an turde g’arezsizlik jıllarında kino tarawında birqansha ahmiyetli wazıypalar ha’m ilajlar a’melge asırıldı. O’zbekistan kinoshıları bul jollarda xalıqa xızmet ko’rsetiw tarawında birkansha tabıslardı kolg’a kirgizdi.

Qaraqalpaqstan Respublikası ma`mleketlik kino tarawında barlıg`ı bolıp 1992 jılı 1 avgustına 230 kinoteatr ha`m kinoustanovkalar islep turdı. Solardan 126 sı qalalıq jerlerde, 94 i awıllıq jerlerde, Rayonlar ha`m qalalarda 1991-1992 jıldın` 7 aylıq kinoko`rsetiwdin` tamashago`ylerdi kinoteatrlarg`a tartıw ko`rsetkishi 159,3 protsentke, qarjı toplaw 151,7 protsentke orınlandı. Kinoseansqa kiriw biletlerinin` narqı 3,5 – 4 esege ko`beydi. Biraq, ko`beygeni menen tu`sken aqshalay qarjı tek 3 esege shamalas ko`lemin quraydı.

Bul tamashago`ylerdin` 1991 jıl menen salıstırg`anda kinoteatrlarg`a qatnaw jag`dayı az ekenliginin` da`lili boldı. Lekin, Qaraqalpaqstan kinoprokat kontorası normadagı kinolentanı burın 50-70 tiying`a satıp alıp atırg`an bolsa, ha`zirgi ku`ni onı 10-15 manattan alıp atırg`anın umıtpaw kerek.

Qaraqalpaqstan Ministrler Sovetinin` qararı menen sotsiallıq jaqtan qorg`aw maqsetinde xalıqqa to`lemli xızmet ko`rsetiwde urıs invalidleri, miynet invalidleri kino biletlerdi 50 protsent arzanlatılg`an bahada satıp alıw huqıqına iye. Sonday-aq 14 jasqa tolmag`an balalarg`a bilet 50 protsentke arzan satıladı.

Bul haqqında Qaraqalpaqstan kinofikatsiya basqarmasının` baslıg`ı O.Adenbaev to`mendegishe gu`rrin` etedi: «Respublika kinofikatsiyası basqarması

---

1) Karimov I.A . Joqari manawiyat jenilmes ku’sh- Tashkent , Manawiyat,2008-146-bet.

boyınsha 1992 jıldın` o`tken 7 ayı ha`m 1991 jılı ayırım rayonlarımız jaqsı ko`rsetkishke eristi. Solardan Amudar`ya rayonı, To`rtkul, Qanlıko`l, No`kis qalası, Xojeli, Qon`ırat rayonları kino-direktsiyaların atap o`tsek boladı. Tilekke qarsı, usı jıldın` o`tken 7 ayının` juwmag`ı boyınsha ayrım rayonlarımız ma`mleketlik jobaların orınlay almadı: Beruniy, Moynaq kino-direktsiyaları o`z jumıslarına juwapkershiliksizlik penen qarawı sebebinen usınday bolıp atır. (1)

Kinofil`m haqqında so`z bolsa, 1990-1991 jılları bir ko`rkem fil`m 50 mın` manatqa jetedi. Kinofil`mnin` saqlanıw waqıtlarıda kewil tartarlıqtay emes. Sebebi, bir kinofil`m 500 seans islep shıg`ıw kerek. Tilekke qarsı, ayırım rayonlıq, qalalıq kino-direktsiyalarımızdın` itibarsızlıg`ınan 1-2 kotegoriya kinoprokat folkasında jatıp qaladı. (1)

Sonın` ushında kinoko`rsetiw xızmetin a`melge asırıwda jumıslarımızda jetiskenlikler menen qatar kemshiliklerde joq emes».[19]

Xalqımızga ma`deniy xızmet ko`rsetiw salasında kinonın` miyneti og`ada u`lken. Mine bir a`sirden aslam da`wir ishinde kino insaniyattın` ruwxıy baylıqların bayıtıwı ushın xızmet etpekte.

O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` «O`zbekkino» ma`mleketlik – Aktsionerlik Kompaniyasın du`ziw haqqındag`ı 1996 jıl 29 aprel`degi parmanı ha`m O`zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin` usı ma`sele boyınsha 1996 jılı 12 iyul`degi qararı respublikamızda milliy kinonı rawajlandırıw, xalıqqa kinovideo ko`rsetiw tarmaqların jaqsılaw ha`m ma`mleketlik g`a`rezsizlik jag`dayında xalqımızdın` ruwxıy baylıqqa ıqtıyajların qanaatlandırıw jolında u`lken tariyxıy hu`jjet boldı. Usı joqarıda atı atalg`an qararlarg`a muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası kinolastırıw ha`m kinonı kreyge beriw basqarması, «Qaraqalpaq fil`m» kinostudiyası ja`ne Qaraqalpaqstan kinomotografshılar awhamı tiykarında «Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik-Aktsionerlik Kompaniyası sho`lkemlestirildi. Onın` quramına, og`an kiriwshi birlespeler ha`m karxanalardın` dizimi, olardın` xojalıq erkinligi ha`m yuridikalıq ta`rep sıpatındag`ı huqıqları Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin`

[19] Еркин Каракалпакстан 1997ж 9 август.

249/10 sanlı 1996 jıl 16 oktyabr`degi «Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik – Aktsionerlik Kompaniyasın sho`lkemlestiriw ha`m onın` jumıs ta`rtibi ma`seleleri haqqındagı qararına muwapıq tastıyıqlandı. Usının` na`tiyjesinde rayonlıq, qalalıq kinovideo xızmeti bo`limleri «Qaraqalpaqkinovideooijara» karxanası ha`m «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası tiykarında rayonlıq, qalalıq ashıq tu`rdegi «Kinovideo» aktsionerlik ja`miyetleri ha`m «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası ma`mleketlik aktsionerlik birlespesi du`zildi.

Joqarıda ko`rsetilgen sho`lkemlerdi aktsionerlik ja`miyetlerge aylandırıwda «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası kinovideoijara ka`rxanaları boyınsha aktsiyalardın` 51 protsenti ma`mleket ıqtıyarına qaldı, 25 protsenti miynet ja`ma`a`ti ag`z ag`zaları ha`m burıng`ı kinomatografshılar awqamı ag`zaları satıp alıwı ushın, 24 protsenti erkin sawdag`a satıw ushın belgilendi. Qaraqalpaqstan kinoustaxanası boyınsha aktsiyalardın` 35 protsenti ma`mleket ıqtıyarına qaldı, 16 protsenti miynet ja`ma`a`tine, 49 protsenti sırttag`ı sherikler ushın mo`lsherlendi. Rayonlıq ha`m qalalıq kinovideo xızmetin ko`rsetiw karxanaları boyınsha aktsiyalardın` 35 protsenti ma`mleket ıqtıyarına, 25 protsenti miyne ja`ma`a`tine, 40 protsenti erkin sawda ushın ajıratıladı.

«Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik-Aktsionerlik Kompaniyasının` da`slepki Ustav fondı kompaniya quramına kirgen birlespeler, karxanalar ha`m sho`lkemlerdi ma`mleket ıqtıyarına shıg`arıw ha`m menshiklestiriw na`tiyjesinde toplanatug`ın ma`mleketke tiyisli aktsiyalardın` 60 protsenti, sonday-aq basqada ma`pdar yuridikalıq ha`m fizikalıq ta`replerdin`, sonın` ishinde sırt ellik yuridikalıq-fizikalıq ta`replerdin` payları esabınan du`ziletug`ın boldı. «Kinovideoijara» karxanası, «Kinoustaxanası», «Berdaq», «Turkstan» kinosarayları mal-mu`lklerinin` qunı ma`mleketlik u`les retinde «Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik-Aktsionerlik Kompaniyasının` Ustav fondı quramına kirdi. Kompaniyanın` ha`m onın` aymaqlıq birlespelerinin` atqarıwshı apparat qa`rejetleri 2000 jılg`a deyin ma`mleket byudjeti esabınan a`melge asırılatug`ın boldı. Tag`ı bir a`hmiyetli jeri, O`zbekistan Respublikası Ministrler kabinetinin`

1996 jıl.12 iyul`degi 247 sanlı qararının` 11 bantine muwapıq O`zbekstan respublikası qaraslı ministirligi ta`repinen ha`r jıl sayın «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyasında tu`siriletug`ın ko`rkem, hu`jjetli film`lerge, ja`ha`n kinosının` en` jaqsı nusqaların satıp alıw, ko`beytiw ha`m dublyaj etiwge qarjı ajıratılatug`ınlıg`ı sanday-aq kino tarmag`ı sho`lkemlerine beriletug`ın ha`r jıllıdın` 2000 jılg`a shekem qalatug`ınlıg`ı atap o`tti.

«Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik auktsionerlik kompaniyası i ha`m onın` orınlardag`ı bo`limsheleri joqarıdag`ı ko`rsetilgen rejeler basshılıqqa ala otırıp kino video xızmetin ko`rsetiw boyınsha bir qansha jumıslar islep atır.

1997-jıldın` birinshi yarımında kino ko`rsetiwden alınatug`ın da`ramat ma`mleketlik joba boyınsha 6690 mın` sum bolsa, ol is ju`zinde 735,3 mın` sum-g`a jetkizilip ma`mleketlik joba 84,3 mın` sumg`a artıq orınlandı. Kino do`retiwshilik tarawında da unamlı isler boldı. Usı jıl may ayında Tashkent qalasında pu`tkil du`n`ya ju`zlik ko`lemdegi u`lken kino a`njuman XII xalıq kino festival bolıp o`tti. «Ulıwma insaniy qa`driyatlar ha`m milliy progress» uranı astında o`tken bul kino forumg`a Qaraqalpaqstannın` 8 kino xızmetkeri qatnasıp qayttı. Festival` ku`nlerinde du`n`ya ju`zi kino g`ayratkerleri ha`m Tashkent qalasının` tamashago`yleri «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası ta`repinen do`retilgen O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan xalıq mug`allimi Allaniyaz O`teniyazov haqqındag`ı «Mehr» belgili Qarao`zekli shabandoz Bekbosın Rambergenov tuwralı «Atseyis» hu`jjetli fil`mlerin ha`m u`lkemizdegi awır ekalogiyalıq awhaldı ko`rsetetug`ın «Aral qanday edi» video fil`mlik ko`riw mu`mkinshiligine iye boldı. No`kis qalasının` “Berdaq” «Tu`rkistan» Xojeli qalasının` «Doslıq» ellikqalası rayonının` «Jayhun» Taxtako`pir rayonının` Aral kino teatrlarında kino festival konkruslıq bag`darlaması engizilgen Hindistanlı kinoshılar ta`repinen do`retilgen «Singaxtag`ı dem alıslar» O`zbekistanlı kino cu`wretke alg`an tariyxıy «Buyuk Amir Temur» kinofil`mleri ko`rsetildi. İnsan ma`pleri jılında ma`mleketlik auktsionlik kampaniya qaramag`ındag`ı do`retiwshilik ja`ma`tlerdin` alg`a qoyg`an joybarları ba`lent boldı. «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası usı jıldın` birinshi O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan xalıq artisti Berdaq atında ma`mleketlik sıylıqtın`

lauriyatı belgili, ku`lki so`z sheberi Shamurat O`temuratov tuwralı «O`zimizdin` sha`ke» (Stsenariy avtorı M.Nızanov, rejisseri T.Abdireymov, operatorı L.Yushukov) , Berdaq atındag`ı Qaraqalpaq ma`mleketlik muzıkalıq teatrının` 70 jıllıq torqalı toyına baqıshlap «O`ner belsendiler» (avtorı ha`m rejisserı T.A`bdirimov operatorı L.Yusukov) fil`mlerin Respublika ekranlarına shıg`ardı.

Tag`ı bir ayta ketetug`ın na`rse Respublikamız xalıq xojalıg`ının` tu`rli tarawlarındag`ı jetiskenlikler operativ tu`rde tamashag`ago`yge jetkerip beriw maqsetinde «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası janınan vidio fil`mler islep shıg`aratug`ın «Da`wir» do`retiwshilik toparı du`zilgen edi. Xojalıqlardın` buyırtpası boyınsha olar huqıq qorg`aw orgonlarının` turmısınan «Tozaq» (Stseraniy avtorı E.İsmaylov, rejisseri J.Amanjolov, operatorı L.Yushukov ) atlı ko`rkem vidiofil`m O`zbekstang`a ha`m Qaraqalpaqstang`a xızmet ko`rsetken artistka Gulxatiysha Ayımbetovanın` qosıqshılıq o`nerine bag`ıshlang`an «Bul du`n`ya a`jayıp jaydur» muzıkalı vidiofil`min (rejisseri A.Bekbergenov, operatorı N.Nizamatdinov) islep shıqtı. Ha`zir bul do`retiwshilik topar Qaraqalpaq xalqının` dan`qlı perzenti allayar Dosnazarovtın` 100 jıllıq merekesi sa`wlelengen «İsmi ma`n`gi insan» No`kisli ta`wip qız Qa`lligu`l Ulımbetovanın` shıpa bag`ısh emlew usılı haqqında a`n`gime etetug`ın «Shıpalı qollar» vidio fil`mleri wstinde do`retiwshilik miynet etip atır.

Bazar qatnaslıqlarının` qıyınshılıqları bola son`g`ı jılları qolg`a alınbay ko`pten beri jatıp qalg`an ko`rkem fil`mler Qaraqalpaq tiline awdarıw isi kino studiya ta`repinen qolg`a alındı.

Ha`zir Hindistanlı kinoshılar islep shıg`arg`an eki serialı «Muxabbat ushın gu`res» ( dilmash A. Sultanov) Qırg`ıstanlı kino ustaları do`retken «Boranlı ba`ndirgi» (Awdarmalı T. A`bdirimov) ko`rkem fil`mler kino ekrang`a shıg`ıp atır. Ondag`ı baslı rollerde Qaraqaopaqstan xalıq artisti Begibay Allanazarov ha`m belgili saxna sheberi Ma`riyash İsmaylov atqarg`an. Ha`zir Tashkente rejisser To`reniyaz Qa`limbetov Qaraqalpaqstan xalıq jırawı Jumabay Bazarovqa bag`ıshlang`an «Jıraw» (Stsenariy avtorı A.Sultanov, operatorı L.Yushukov) rejisser Talasbay A`bdirimov Aziya oyınlarının` jen`impazı Atlantada (AQSh)

o`tkerilgen jarıslardın` qatnasıwshısı awır atletshi Baxıt Nurıllaev haqqında «Taqıyatashlı bahadır» (Stsenariy avtorı D.Abibullaev, avtorı L.Yushukov) fil`mlerin do`retiw u`stinde jumıs alıp barıp atır. Al, Respublikamızdın` ekanomikalıq potentsiyalı jo`ninde so`z etetug`ın «Qaraqalpaq mramorı» (Stsenariy avtorı A. Sultanov, rejisseri A.Bekbergenov, operatorı N.Kaypov), «Boyan tamır» (Stsenariy avtorı ha`m rejisseri T.Qa`limbetov, operatorı L.Yushukov) fil`mleri su`wretke alınıp bolındı, gezekte «Xalqabatlı u`sh egizek», «U`stirt sayg`aqları» fil`mleri tur.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministirligi Ken`esinin` qararına muwapıq u`lkemizde Qaraqalpaq klassik shayırı Berdaq G`arg`abay ulının` 170 jıllıq yubeley 1987 jılı belgiledi. Bul danqlı sizge bag`ıshlap qasqa metrajlı ko`rkem fil`m shıg`arıwdı miynet etip ha`zirgi waqıtta Qaraqalpaq kino ma`mleketlik-auktsionerlik Kompaniyası jaqındag`ı ko`rkemlik ken`esti fil`mnin` stsenariy bekitilip, onı «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyasının` bazasında su`wretke alıw ushın «O`zbekfil`m» kinostudiyasının` rejisserı Sabır Nazarmuxammetov No`kiske shaqırıladı. Al usı jıldın` to`rtinshi shereginde bolsa, do`retiwshilik ja`ma`a`timiz ekalogiyalıq temada «Aral-u`mit ten`izi» Oraylıq Aziyadan` u`lken qurılıstın` birine bag`ıshlap «Qon`ırat soda gigaptı» fil`mlerin shıg`ardı. Ulıwmalastırıp aytqanda Qaraqalpaqstanda kino ko`rsetiw isleri 50-80 jılları a`m g`a`rezsizlik jıllarında da`wirimiz talaplarınan kelip shıg`ıp bir qansha o`zgesheliklerge iye boldı. A`sirese kino do`retiwshilik a`m kino ko`rsetiwshiler sol dwirde a`m bazar qatnaslarına o`tiw barısında o`zlerinin` aldına qayg`an wazıypalardı orıelaw ushın bar bolg`an mu`mkinshiliklerden ken` tu`rde aqılg`a sa`ykes paydalanıwg`a boladı. Respublikamızdın` xalqı kino ko`rsetiw jumıslarında ayrım kemshilikler a`m mashqalalarda ushıradı. Ayrım jerlerde 70-90jıllarda salıng`an tikovoy zamanago`y kino teatrlar kino ko`rsetiw islerinin` tamashago`ylerinin` az bolıwı ha`m o`zin-qlay almay atırg`anı sebepli toqtap qalg`anı ushırasadı. Kino ko`rsetiw basqarması menen Qaraqalpaq fil`m kinostudiyası tiykarında rayonlıq, qalalıq ashıq tu`rdegi «Kinovideo» aktsionerlik ja`miyetleri ha`m «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası ma`mleketlik aktsionerlik birlespesi du`zildi.

Joqarıda ko`rsetilgen sho`lkemlerdi aktsionerlik ja`miyetlerge aylandırıwda «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası kinovideoijara ka`rxanaları boyınsha aktsiyalardın` 51 protsenti ma`mleket ıqtıyarına qaldı, 25 protsenti miynet ja`ma`a`ti ag`z ag`zaları ha`m burıng`ı kinomatografshılar awqamı ag`zaları satıp alıwı ushın, 24 protsenti erkin sawdag`a satıw ushın belgilendi. Qaraqalpaqstan kinoustaxanası boyınsha aktsiyalardın` 35 protsenti ma`mleket ıqtıyarına qaldı, 16 protsenti miynet ja`ma`a`tine, 49 protsenti sırttag`ı sherikler ushın mo`lsherlendi. Rayonlıq ha`m qalalıq kinovideo xızmetin ko`rsetiw karxanaları boyınsha aktsiyalardın` 35 protsenti ma`mleket ıqtıyarına, 25 protsenti miyne ja`ma`a`tine, 40 protsenti erkin sawda ushın ajıratıladı.

«Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik-Aktsionerlik Kompaniyasının` da`slepki Ustav fondı kompaniya quramına kirgen birlespeler, karxanalar ha`m sho`lkemlerdi ma`mleket ıqtıyarına shıg`arıw ha`m menshiklestiriw na`tiyjesinde toplanatug`ın ma`mleketke tiyisli aktsiyalardın` 60 protsenti, sonday-aq basqada ma`pdar yuridikalıq ha`m fizikalıq ta`replerdin`, sonın` ishinde sırt ellik yuridikalıq-fizikalıq ta`replerdin` payları esabınan du`ziletug`ın boldı. «Kinovideoijara» karxanası, «Kinoustaxanası», «Berdaq», «Turkstan» kinosarayları mal-mu`lklerinin` qunı ma`mleketlik u`les retinde «Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik-Aktsionerlik Kompaniyasının` Ustav fondı quramına kirdi. Kompaniyanın` ha`m onın` aymaqlıq birlespelerinin` atqarıwshı apparat qa`rejetleri 2000 jılg`a deyin ma`mleket byudjeti esabınan a`melge asırılatug`ın boldı. Tag`ı bir a`hmiyetli jeri, O`zbekistan Respublikası Ministrler kabinetinin` 1996 jıl.12 iyul`degi 247 sanlı qararının` 11 bantine muwapıq O`zbekstan respublikası qaraslı ministirligi ta`repinen ha`r jıl sayın «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyasında tu`siriletug`ın ko`rkem, hu`jjetli film`lerge, ja`ha`n kinosının` en` jaqsı nusqaların satıp alıw, ko`beytiw ha`m dublyaj etiwge qarjı ajıratılatug`ınlıg`ı sanday-aq kino tarmag`ı sho`lkemlerine beriletug`ın ha`r jıllıdın` 2000 jılg`a shekem qalatug`ınlıg`ı atap o`tti.

«Qaraqalpaqkino» ma`mleketlik auktsionerlik komissiyası ha`m onın` orınlardag`ı bo`limsheleri joqarıdag`ı ko`rsetilgen rejeler basshılıqqa ala otırıp kino vidio xızmetin ko`rsetiw boyınsha bir qansha jumıslar islep atır.

1997 jıldın` birinshi yarımında kino ko`rsetiwden alınatug`ın da`ramat ma`mleketlik joba boyınsha 6690 mın` sum bolsa, ol is ju`zinde 735,3 mın` sum-g`a jetkizilip ma`mleketlik joba 84,3 mın` sumg`a artıq orınlandı.

Kino do`retiwshilik tarawında da unamlı isler boldı. Usı jıl may ayında Tashkent qalasında pu`tkil du`n`ya ju`zlik ko`lemdegi u`lken kino a`njuman XII xalıq kino festival bolıp o`tti. «Ulıwma insaniy qa`driyatlar ha`m milliy progress» uranı astında o`tken bul kino forumg`a Qaraqalpaqstannın` 8 kino xızmetkeri qatnasıp qayttı. Festival` ku`nlerinde du`n`ya ju`zi kino g`ayratkerleri ha`m Tashkent qalasının` tamashago`yleri «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası ta`repinen do`retilgen O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan xalıq mug`allimi Allaniyaz O`teniyazov haqqındag`ı «Mehr» belgili Qarao`zekli shabandoz Bekbosın Rambergenov tuwralı «Atseyis» hu`jjetli fil`mlerin ha`m u`lkemizdegi awır ekalogiyalıq awhaldı ko`rsetetug`ın «Aral qanday edi» video fil`mlik ko`riw mu`mkinshiligine iye boldı. No`kis qalasının` “Berdaq” «Tu`rkistan» Xojeli qalasının` «Doslıq» ellikqalası rayonının` «Jayhun» Taxtako`pir rayonının` Aral kino teatrlarında kino festival konkruslıq bag`darlaması engizilgen Hindistanlı kinoshılar ta`repinen do`retilgen «Singaxtag`ı dem alıslar» O`zbekistanlı kino cu`wretke alg`an tariyxıy «Buyuk Amir Temur» kinofil`mleri ko`rsetildi. İnsan ma`pleri jılında ma`mleketlik auktsionlik kampaniya qaramag`ındag`ı do`retiwshilik ja`ma`tlerdin` alg`a qoyg`an joybarları ba`lent boldı. «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası usı jıldın` birinshi O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan xalıq artisti Berdaq atında ma`mleketlik sıylıqtın` lauriyatı belgili, ku`lki so`z sheberi Shamurat O`temuratov tuwralı «O`zimizdin` sha`ke» (Stsenariy avtorı M.Nızanov, rejisseri T.Abdireymov, operatorı L.Yushukov) , Berdaq atındag`ı Qaraqalpaq ma`mleketlik muzıkalıq teatrının` 70 jıllıq torqalı toyına baqıshlap «O`ner belsendiler» (avtorı ha`m rejisserı T.A`bdirimov operatorı L.Yusukov) fil`mlerin Respublika ekranlarına shıg`ardı.

Tag`ı bir ayta ketetug`ın na`rse Respublikamız xalıq xojalıg`ının` tu`rli tarawlarındag`ı jetiskenlikler operativ tu`rde tamashag`ago`yge jetkerip beriw maqsetinde «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyası janınan vidio fil`mler islep

shıg`aratug`ın «Da`wir» do`retiwshilik toparı du`zilgen edi. Xojalıqlardın` buyırtpası boyınsha olar huqıq qorg`aw orgonlarının` turmısınan «Tozaq» (Stseraniy avtorı E.İsmaylov, rejisseri J.Amanjolov, operatorı L.Yushukov ) atlı ko`rkem vidiofil`m  O`zbekstang`a ha`m Qaraqalpaqstang`a xızmet ko`rsetken artistka Gulxatiysha Ayımbetovanın` qosıqshılıq o`nerine bag`ıshlang`an «Bul du`n`ya a`jayıp jaydur» muzıkalı vidiofil`min (rejisseri A.Bekbergenov, operatorı N.Nizamatdinov) islep shıqtı. Ha`zir bul do`retiwshilik topar Qaraqalpaq xalqının` dan`qlı perzenti allayar Dosnazarovtın` 100 jıllıq merekesi sa`wlelengen «İsmi ma`n`gi insan» No`kisli ta`wip qız Qa`lligu`l Ulımbetovanın` shıpa bag`ısh emlew usılı haqqında a`n`gime etetug`ın «Shıpalı qollar» vidio fil`mleri wstinde do`retiwshilik miynet etip atır.

Bazar qatnaslıqlarının` qıyınshılıqları bola son`g`ı jılları qolg`a alınbay ko`pten beri jatıp qalg`an ko`rkem fil`mler Qaraqalpaq tiline awdarıw isi kino studiya ta`repinen qolg`a alındı.

Ha`zir Hindistanlı kinoshılar islep shıg`arg`an eki serialı «Muxabbat ushın gu`res» ( dilmash A. Sultanov) Qırg`ıstanlı kino ustaları do`retken «Boranlı ba`ndirgi» (Awdarmalı T. A`bdirimov) ko`rkem fil`mler kino ekrang`a shıg`ıp atır. Ondag`ı baslı rollerde Qaraqaopaqstan xalıq artisti Begibay Allanazarov ha`m belgili saxna sheberi Ma`riyash İsmaylov atqarg`an. Ha`zir Tashkente rejisser To`reniyaz Qa`limbetov Qaraqalpaqstan xalıq jırawı Jumabay Bazarovqa bag`ıshlang`an «Jıraw» (Stsenariy avtorı A.Sultanov, operatorı L.Yushukov) rejisser Talasbay A`bdirimov Aziya oyınlarının` jen`impazı Atlantada (AQSh) o`tkerilgen jarıslardın`.

Ha`zir Hindistanlı kinoshılar islep shıg`arg`an eki serialı «Muxabbat ushın gu`res» ( dilmash A. Sultanov) Qırg`ıstanlı kino ustaları do`retken «Boranlı ba`ndirgi» (Awdarmalı T. A`bdirimov) ko`rkem fil`mler kino ekrang`a shıg`ıp atır. (1)Ondag`ı baslı rollerde Qaraqaopaqstan xalıq artisti Begibay Allanazarov ha`m belgili saxna sheberi Ma`riyash İsmaylov atqarg`an. Ha`zir Tashkente rejisser

---

1) Erkin Qaraqalpaqstan, 1997j, 9-avgust.

To`reniyaz Qa`limbetov Qaraqalpaqstan xalıq jırawı Jumabay Bazarovqa bag`ıshlang`an «Jıraw» (Stsenariy avtorı A.Sultanov, operatorı L.Yushukov) rejisser Talasbay A`bdirimov Aziya oyınlarının` jen`impazı Atlantada (AQSh) o`tkerilgen jarıslardın` qatnasıwshısı awır atletshi Baxıt Nurıllaev haqqında «Taqıyatashlı bahadır» (Stsenariy avtorı D.Abibullaev, avtorı L.Yushukov) fil`mlerin do`retiw u`stinde jumıs alıp barıp atır. Al, Respublikamızdın` ekanomikalıq potentsiyalı jo`ninde so`z etetug`ın «Qaraqalpaq mramorı» (Stsenariy avtorı A. Sultanov, rejisseri A.Bekbergenov, operatorı N.Kaypov), «Boyan tamır» (Stsenariy avtorı ha`m rejisseri T.Qa`limbetov, operatorı L.Yushukov) fil`mleri su`wretke alınıp bolındı, gezekte «Xalqabatlı u`sh egizek», «U`stirt sayg`aqları» fil`mleri tur.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministirligi Ken`esinin` qararına muwapıq u`lkemizde Qaraqalpaq klassik shayırı Berdaq G`arg`abay ulının` 170 jıllıq yubeley 1987 jılı belgiledi. Bul danqlı sizge bag`ıshlap qasqa metrajlı ko`rkem fil`m shıg`arıwdı miynet etip ha`zirgi waqıtta Qaraqalpaq kino ma`mleketlik-auktsionerlik Kompaniyası jaqındag`ı ko`rkemlik ken`esti fil`mnin` stsenariy bekitilip, onı «Qaraqalpaqfil`m» kinostudiyasının` bazasında su`wretke alıw ushın «O`zbekfil`m» kinostudiyasının` rejisserı Sabır Nazarmuxammetov No`kiske shaqırıladı. Al usı jıldın` to`rtinshi shereginde bolsa, do`retiwshilik ja`ma`a`timiz ekalogiyalıq temada «Aral-u`mit ten`izi» Oraylıq Aziyadan` u`lken qurılıstın` birine bag`ıshlap «Qon`ırat soda gigaptı» fil`mlerin shıg`ardı. Ulıwmalastırıp aytqanda Qaraqalpaqstanda kino ko`rsetiw isleri 50-80 jılları a`m g`a`rezsizlik jıllarında da`wirimiz talaplarınan kelip shıg`ıp bir qansha o`zgesheliklerge iye boldı. A`sirese kino do`retiwshilik a`m kino ko`rsetiwshiler sol dawirde bazar qatnaslarına o`tiw barısında o`zlerinin` aldına qayg`an wazıypalardı orınlaw ushın bar bolg`an mu`mkinshiliklerden ken` tu`rde aqılg`a sa`ykes paydalanıwg`a boladı. Respublikamızdın` xalqı kino ko`rsetiw jumıslarında ayrım kemshilikler xa`m mashqalalarda ushıradı. Ayrım jerlerde 70-90jıllarda salıng`an tipovoy zamanago`y kino teatrlar kino ko`rsetiw islerinin` tamashago`ylerinin` az bolıwı ha`m o`zin ozi aklay almay atırg`anı sebepli toqtap qalg`anı ushırasadı. Kino ko`rsetiw basqarması

menen Qaraqalpaq fil`m studiyaları birlestiriliwi na`tiyjesinde kino teatrlarg`a burıng`ıday itibar az. Ja`ne de kino ko`rsetiwler telivedenie menen statsionar kino teatrlar arasındag`ı ba`sekelesiw bazar qatnaslarına o`tiw da`wirinde ushırasatug`ın halat ekenin atap o`tiwimiz kerek. Sonday bolsa da bul ilimiy izertlew isimizde Qaraqalpaqstan ma`diniyat ha`m kino tarawlarının` XXa`sirdin` ekinshi yarımındag`ı tariyxının` geypara betlerinen mag`lıwmatlar beriwge ha`reket ettik.

## Juwmaqlaw

Ma`mleketimiz g`a`rezsizlikke eriskenimizden keyin reformalardın` ta`g`diri ha`m na`tiyjesi ushın juwapker, elimizdin` ertengi ku`ni ha`m keleshegi ushın pidayı jetik insanlardı ta`rbiyalaw ushın balg`an tu`rde siyasat a`melge asırılmaqta. Xalqımız arasında ruwxıy ag`artıwshılıq ha`m ma`deniyatımızdın` en` a`hmiyetli durdanaların u`git-na`siyatlaw jumıslarına itibar tag`ı da ku`sheytirildi.

Nege degenimiz, puqaralardın` ruwxıy ma`deniy talapların qanaatlandırıwg`a bolg`an huqıqlar O`zbekstan Respublikasının` tiykarg`ı nızamı konstitutsiyada o`zinin` sa`wlesin tapqan. Sonın` ushın da elimizdegi bilimlendiriw, ma`deniyat, ko`rkem o`ner mekemeleri qatarı kino xızmetleri a`melge asırıwın mekemeler ha`m sho`lkemler bul waqıyanı orınlaytug`ını bizin` jıllıq tariyxımızdan belgili. Xalqımızg`a ma`deniyat ko`rkem o`ner ha`m Qaraqalpaqstan Respublikasında kino teatr ha`m ma`deniy-ag`artıw jumıslarının` rawajlanıwı boyınsha tariyxshı ilimpazlardın` ilimiy jumıslarında ken` tu`rde bolmasa da, azı-kem sa`wlelendirilgen.

Qaraqalpaqstanda tariyxshılarınan akademik S.Kamalov, İ.Qosımbetov, A.Panabergenov,P.Muratov, J.Aytmuratov, ha`m basqalardı ilimiy miynetlerinde ko`rkem o`ner xalıqqa ma`deniy xızmetleri tuwralı geypara mag`lıwmatlar berilgen. Sonın` ushın da bul jumısımızda ko`birek Respublikanı ma`deniyatı ha`m ko`rkem o`neri teatr kino tarawlarının` 50-90 jıllarındag`ı awhalı qıyınshılıqları, jetiskenliklerine de u`lken itibar berip, jan`a faktler, tariyxıy dereklerdin` mag`lıwmatlar tiykarı.

Ma`deniyattın` o`siwine sırtqı ta`sirdin` bolıwın esapqa bul jıllardag`ı ma`deniy baylanıslar, festivallar, dekadalar, ko`rkem o`ner ku`nlerinen o`tkerip, o`z-ara qatnaslardın` a`hmiyeti tuwralı so`z etildi. Mısalı: 70-jıllarda o`tkerilgen “Xalıq talantları” Tapqırlıq, epshillik, ziyreklik, jarısları Azil ha`m Afrika elleri kinoshılarının` fistevalları, konkrusları,turaqlı tu`rde o`tip turadı, xalıq talantlarının` jan`a a`wladlarının` o`sip shıwına sebepshi boldı. Degen menen ma`deniyat ko`rkem o`ner, xalıq ha`weskerligi, muzıka tarawlarının` paxta mapazları, siyasiy

ja`miyetlik tarwdag`ı bir partiya joybarın iske asırıw ilajları ma`deniyat ko`rkem o`nerdin` talabın keyingi waqıtta bul isler rejeler tiykarında a`melge asırıldı.Bu`gingi ku`ni o`zimizdin` turmısımızdın` kino ha`m televideniesiz ko`z aldımızg`a keltire almaymız. Kino du`n`yasında en` a`hmiyetli ko`rkem o`ner ha`m qabarlandırıw quralına aylang`an. Kino ko`rsetiw jumısları o`z ishine alatug`ın qaytalanbas tariyxına iye. Massallıq xabarlandırıw ha`m ma`deniy xızmet ko`rsetiwdin` belgili bir sınalg`an tu`ri kino teatrlar barlıq jerlerde sho`lkelestirilgen O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstanda da kino ko`rsetiwler a`melge asırıw jumıslarının` tariyxı o`tken a`sirdin` 20-30jıllarda qa`liplesti. Qaraqalpaqstanda kino ko`rsetiwdin` rawajlanıwı ha`m birinshi film`lerdin` ko`rsetiliwi 1920-jıllarda To`rtku`l qalasında a`melge asırıladı. Bunnan keyin kino ko`rsetiw islarin “Bux kino” “Sharq yulduzi” kino favrikaları sho`lkemlestirildi.

Akademik S.Kamalov ha`m V.Germanovalardın` ‘Moskva Qaraqalpaqstan” atlı miynetlerinde berilgen maglıumatta To`rku`lde 1934 jıllardan baslap dawıslı kino teatr ashıladı. Usı jılı Moskvalı qa`niygeler texnikalıq ja`rdemge kelip kino qoyatug`ın u`skenelerdi ornatap berdi ha`m film`lerdi sanalı tu`rde ko`rsetiu`ge jaqınnan ja`rdemin tiygizdi.

Biraq Qaraqalpaqstanda miynetkeshlerge kino arqalı ha`m ko`rkem o`ner, ma`deniy-ag`artıw ma`kemelerinen xalıqqa xızmen ko`rsetiw islerinin` 50-60 jıllardag`a tiyisli tariyxshı ilimpazlar arnawlı tolıq u`yrenip shıqpag`anın esapqa alıp , xronologiyalıq shegaradan shegine islegen tu`rde, XX a`sirdin` 50-90 jılları ha`m g`a`rezsizlik jıllarındag`ı rawajlanıwına tiyisli mag`lıwmatlardı sa`wlelendiriwge ha`reket ettik.

Ja`ne bir ayrıqsha atap o`tetug`ın ma`sele, kino ko`rsetiwshi ha`m ma`deniy ag`artıw ma`kemeleri menen qatar Qaraqalpaqstanda kinofil`mlerdi do`retiwge, qaraqalpaq tilindegi hu`jjetli-xronikal, ko`rkem fil`mlerdi islep shıg`ıwg`a baylanıslı jumıslarg`a da itibar berildi. Usı jıllar ishinde Qaraqalpaqstan kinoteatrlarındada jiyi-jiyi kinofestivallar, ataqlı kinoakterlar, dramatrugler ha`m rejesserlar menen tamashago`ylerdin` ushırasıw konferentsiyaları da o`tkerilip turdı. Rayonlıq ha`m qalalıq ma`deniyat bo`limleri ha`m kinodirektsiyaları arasında

xalıqqa ma`deniyat ha`m kino xızmetin alıp barıwdı ja`ne de jetilistiriw ushın ha`r jılı Respullikalıq ken`esler ha`m seminarlar sho`lkemlestirilip barg`an edi.

Bunnan tısqarı kino ko`rsetiwdin` ko`shpeli tu`rdegi usılları sol ukıtlarda kennen qollanıldı. Aral ten`izi balıkshıları, Taxta ko`pir ha`m basqa rayonlardın` sharwalarına, alıstag`ı paxta, salı atızlarında miynet etip atırg`an diyxan, paxtakeshlerine jan`a fil`mlerdi alıp barıp ko`rsetiwler a`melge asırıldı. Tek g`ana 1992 jıldın` o`zinde Qaraqalpaqstanda 230 kino teatr ha`m kino ustanovkalar xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetken. Solardın` 126-sı qalalıq jerlerde bolsa, 94 ti awıllıq jerlerde jumıs alıp bardı.

Elimizde g`a`rezsizlikke eriskennen keyingi jıllarda xalqımızdın` ma`deniy ha`m ruwxıy baylıqlarg`a ilajların qanaatlandırıw jolında kino tarmaqların basqarıwdı jetilistiriw maqsetinde 1996-jıldan baslap “Qaraqalpaq kino” ma`mleketlik-Aktsionerlik kompaniyası sho`lkemlestirildi.

Qaraqalpaqstan ma`deniyatı ha`m kino ko`rkem o`neri tariyxın, onın` usı ku`nge deyingi basqıshların izertlew ha`m u`yreniwdi janede jetilistiriu boyınsha to`mendegilerdi usınamız.

1. Qaraqalpaqstan kino mekemeleri ha`m islerinin` XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı 50 -90-jıllar tariyxında xalıqqa ma`deniy xızmet ko`rsetiw boyınsha unamlı islerdi ja`ne de teren`rirek u`yreniw za`ru`r.Onın jagdayın uyreniude sotsiologiyalık izertleular alıp barıu.

2. O`tken da`wirdin` ishinde ma`deniy-ag`artıw ha`m kino ko`rsetiw jumısları jetilistirildi. Biraq bul mekemelerdin` jumıslarında toplag`an ta`jriybeleri u`yreniw ha`m turmısqa asırıw ju`da` az izertlengen, onı tolıq u`yreniw talap etiledi.

3. “Qaraqalpaq kinofil`m” kino studiyasında u`lkemizdin` tariyxı, etnografiyası milliy u`rp-a`detleri, da`stu`ri, muzıkası, ha`m ko`rkem o`ner g`ayratkerleri tuwralı fil`mler do`retiwdi ja`ne de ko`beytiw. İslemey atırg`an kino teatrlardın` tolıq isleuine erisiw.

4. Ma`deniy ha`m a`debiyat tarawında ko`p jıllardan beri traditsiyag`a aylang`an “Ma`deniyat ha`m iskusstvo ha`ptelikleri” dekadalar festivallar

konkurslar o`tkeriwdi tek g`ana burıng`ı awqamlas ma`mleketler menen sheklenbesten Evropa, Aziya, Amerika, Afrika elleri menen de doslıq qatnaslarda a`melge asırıw. No`kis qalasında ha`r tu`rli milletler ma`deniyatın, ko`rkem o`ner boyınsha Respublikalıq internatsionallıq oray sho`lkemlestiriw.

5. Jasardın kino korkem onerine kızıgıushılıgın esapka alıp,madeniyat makemeleri,litseyler,kolledjlerde,jokarı okıu orınlarında xauesker jas kinomatograflardın doretiushilik birlespesin sholkemlestiriu,Onın tiykargı uazıypası okıu xam xujjetlli fil`mler islep shıgarıu,

6. Ma`deniyat ha`m kino ko`rkem o`neri tarawında ilimiy izertlew jumısların a`melge asırıw ushın arnawlı ilimiy Oray ashıw ha`m bul bag`darda jan`adan ilimiy metodikalıq, ilimiy-a`ieliy a`hmiyetke iye kino korkem onerinen sabak protsesinde paydalanıu,metodikalık a`debiyatlar basıp shıg`arıw,. Talabalar ushın arnawlı kino qollanbalar,elektron oqıwlıqlardı baspadan shıg`arıwımız bu`gingi ku`n talabı bolıp esaplanadı.

# Paydalanılg`an a`debiyatlar


## I. Prezident miynetleri

1. İ.Karimov. O`zbekistannın` jan`alanıw ha`m rawajlanıw jolı. –T.1992
2. İ.Karimov. Tariyxiy xotirasiz kelajak ywq. – Toshkent. 1996
3. İ.Karimov. Yuksak ma`naviyat engilmas kuch-–T.2008
4. İ.Karimov. Uzbekiston mustakillik ostonasida Toshkent,Uzbekiston,2012

## I I. Arnawlı a`debiyatlar

5. Qaraqalpaqstan jan`a tariyxı. – No`kis, 2003
6. Qaraqalpaqstan tariyxı. No`kis, 1977
7. Kamalov.S. Germanova. V. Moskva-Qaraqalpaqstan. – No`kis, 1986
8. Allamuratov A.Dun`ya madeniyatı tariyxı.-Nokis,1996.
9. Nurmuxamedova M. Wzbekistonda madaniy-ma`rifiy ishlar. – Toshkent, Wqutuvchi, 1993
10. Tyurikov V. Den` za dnem – Xronika kul`turnoy jizni – T. 1987
11. O`zbek milliy entsiklopediya tom.4 – Toshkent, 2002 j
12. Aytmuratov J. Razvitie kul`turı Karakalpakstana v 70-90 godı XX veka. – Nukus, Bilim, 1997
13. 50let Uzbekskogo kino. – T.:Uzdavnashr,1976
14. Narodnoe xozyaystva Karakalpakskoy ASSR za 1976-1980. Stat sbornik – Nukus, 1981
15. Qa`limbetov T. Kino ko`rkem o`neri.- Qaraqalpaqstan ma`deniyatı, 1995may
16. “Qaraqalpaqstan ma`deniyatı” gazetası

## III. Jaqlang`an dissertatsiyalardın` avtorefaratları


1. Axmetshin R.Sh Kul`turno- prosvetitel`nıe uchrejdenie Karakalpakstana. – Nukus, 1996
2. Aytmuratov J. Kul`tura Karakalpakstana v 70-90 godı. Obshee sostoyanie i tendentsiy razvitiya. – Nukus, 1997
3. Urazova L.K.İstoriya vozrojdeniya natsional`noy kul`turı Karakalpakstana. Nukus, 2009

**A’jiniyaz atindag’i No’kis Ma’mleketlik pedagogikaliq instituti Tariyx fakultetinin’ IV-a kurs talabasi Gu’limbetov Ruslanbektin’ «O’zbekistan Respublikasinda kino xizmetin ko’rsetiw tariyxi» (XX-a’sirdin’ ekinshi yariminda) temada jazg’an qa’niygelik jumisina**

## AVTORLIQ ANNOTATSIYA

**Bakalavr temasının` aktwallıg’ı.** XX -a`sir insaniyat tariyxındag`ı ju’da quramalı, o`zine ta`n ha`m ha`r tu`rli waqıyalardın` o`zgesheliklerine iye da`wiri boldı O’zbekistan Respublikasında XX-a`sirdin` 50-90 jıllarda xalıqqa ma`deniy xızmet ko’rsetiwdin’ tariyxıy rawajlanıwı ma’selesin teren’ u’yreniw, onın’ ashılmag’an betlerin izertlew ku’ta aktwal bolıp esaplanadı

**İzertlew ob`ekti ha’m predmeti.** O’zbekistanda kinoteatrlardın’ XX-a’sirdin’ 50-90- jıllardag’ı rawajlanıw tariyxına baylanıslı dereklerdi uyreniw ob`ekt sıpatında alındı.

**Tiykarg`ı maqseti ha`m wazıypası;** XX-`sirdin` ekinshi yarımında O’zbekstannın` ruwxıy-ag`artıwshılıq, xalıqqa ma`deniy ha’m kino xızmetinin’ rawajlanıwın u’yreniwdi tiykarg’ı maqset etip qoydıq.

O’zbekstanda o’tken a’sirdin’ ekinshi yarımındag’ı ma`deniy turmıs, xalıqqa ma`deniyat, ko`rkem o`ner ha`m kino xızmetlerin ko`rsetiw islerininin’ jag`dayı, totalitar du’zimnin’ olarg’a ta’siri, haqqında ma’selelerdi izertlew wazıypsın belgiledik.

**İzertlewdin’ tiykarg’ı ma’seleleri** – O’zbekistan kino ko’rkem o’nerinin’ tarmaqları, rawajlanıw o’zgeshelikleri, madeniy turmıstag’ı o’zgerisler, xalıqqa madeniy xızmet ko’rsetiudin’ ahwalı, sovet dawiri menen g’arezsizlik jıllarındag’ı madeniy o’zgerislerdi salıstırmalı tu’rde dereklerden u’yreniw kerek . .

**Temanın’ izertleniw darejesi.** Bakalavr isi temasın tariyxtanıw ko’zkarasınan izertlep ham u’yrenip qarag’anımızda, bul maselege ko’plegen avtorlar elimiz tariyxının’ XX- a’sirdin’ ekinshi yarımına tiyisli miynetlerinde tariyxıy dereklerge sholıw islegeni menen arnawlı ilimiy a`debiyat yamasa ilimiy izertlewler elede jetispeydi.

**Xronologiyalıq shegarası da`wiri** . XX- a`sirdin` ekinshi yarımı, yag`nıy 50-90 jıllar belgilendi.

**İlimiy jan`alıg`ı** retinde XX -a`sirdin` ekinshi yarımı 50-90 – jıllarda ma`deniyat ha'm kino ko'rkem o`ner tarawlarının' tariyxıy dereklerin olardın' jumısları boyınsha ko`birek mag`lıwmat beriw.

**İlimiy uyreniw metodlarınan:** tariyxıylıq, ilimiylik, salıstırmalı, statistikalıq, sistemalı analiz, xronologiyalıq metodları ha'm usıllarınan paydalanıldı.

**Tiykarg`ı derekleri** sıpatında Prezidentimiz İ.Karimovtın` miynetleri, hu`kimet qararları, usı ma`selelerdi izertlegen tariyxshılardın` ilimiy a`debiyatları, baspasoz materialları ha`m ayrım arxiv derekleri esaplanadı.

**Bakalavr jumısının' a`meliy a`hmiyeti** bolıp ko`birek "O'zbekistan ma`deniyatı tariyxı","Ko`rkem o`ner tariyxı" pa`nleri boyınsha lektsiya materialı, oqıw qollanbalar shıg`arıwda, studentler ushın refarat, o`z betinshe jumıslar jazıwda qollansa maqsetke muwapıq keledi.

**Bakalavr jumısının' quramı:** Kirisiw, tiykargı bo`lim 2 bap ha`m ha`r birinde 2 paragrafka bo`lingen, juwmaqlaw, paydalangan adebiyatlardan ibarat.

**İlimiy basshı** **Dots.R.Axmetshnn**

**Talaba** **Gulimbetov R.**

**A’jiniyaz atindag’i No’kis Ma’mleketlik pedagogikaliq instituti Tariyx fakultetinin’ IV-a kurs talabasi Gu’limbetov Ruslanbektin’ «O’zbekistan Respublikasinda kino xizmetin ko’rsetiw tariyxi» (XX-a’sirdin’ ekinshi yariminda) temada jazg’an qa’niygelik jumisina**

# PIKIR

A’jiniyaz atindag’i No’kis ma’mleketlik pedagogikaliq institutinin’ pitkeriwshisi Gu’limbetov Ruslanbektin’ bakalavr da’rieesi ushin jumisi to’mendegi qurilistan ibarat: Kirisiw, eki baptan ha’m paragraflardan ibarat bolip, son’inda juwmaqlaw, paydalang’an a’debiyatlar dizimi menen tema boyinsha prezentasiya slaydlardan ibarat.

**Kirisiwde:** Prezidentimiz İslam Karimovtın’ miynetlerinde manawiyat, ma’deniyat, ko’rkem o’ner, milliy qa’diriyatlarımızdın’ ku’ta a’xmiyetli tareplerin ashıp beredi. Xalqımızg’a ma`deniy xızmet ko`rsetiw salasında kinonın` miyneti og`ada u`lken. «En’ galaba iskusstvo tu’ri bolg’an kino salasın alatug’ın bolsaq,oz waqtında bul boyınsha bizde o’zine ta’n mektep jaratılg’anın qanaatlanıwshılıq penen atap o’tiw lazım»- dep ko’rsetedi O’zbekistan Respublikası Prezidenti İslam Karimov. Bul bo’limde talaba O’zbekistan Respublikası Prezidenti İslam Karimovtin’ “ Joqari manawiyat jenilmes ku’sh” miynetinen paydalang’an.

**I-bapta:** Kino ko’rkem o’neri , kinonın’ kelip shıg’ıw tariyxı xam og’an xalıqtın’ kızıg’ıwshılıg’ı bu’gingi ku’nde de aktwal bolıp esaplanadı. Kino so’zinin’ manisi latınsha kineo sozinen alıng’an bolıp «xareket etemen» degendi an’latadı. Kinematograftı birinshiden bolıp ag’alı-inili L.ha’m O.Lyum`erler 1895- jılı oylap tabadı. Orta Aziyanın’ sonın’ ishinde O’zbekistanda kino ko’rkem o’nerine qızıg’ıwshılıq artadı. O’tken a’sirdin’ 20-jılları arnawlı kinoteatrlar Tashkent Samarqand, Qoqand, To’rtkul` ha’m basqa qalalarda qurıldı. O’zbeklerden shıqqan birinshi kino operator Qudaybergen Devanov o’zinin’ birinshi xronikal xujjetli fil`mlerin do’retedi.

1924-jılı «Buxkino» 1925-j.Tashkentte«Shark yuldizi» kino fabrikası, keyin «Uzbekfil`m» kino stwdiyası sho’lkemlestiriledi. Sol jıllarda «Baxıt

kuyashı»(1925j), Ekinshi xayal» Ravat shag'alları, Onın' xuquqı, Axırg'ı bek, ha'm basqa da fil`mler islep shıgıladı.

Barlıg`ı bolıp 1946-1952 jıllarda kinoko`rsetiwshi mekemeler sanı 25 ten-61 ge shekem o`sti. Yag`nıy 1946 jılı 7 qalalıq kinoustanovkalar 8 auıllık statsionar kinoteatr, 9 koshpeli kino xalıkka xızmet korsetti.Bir jıl ishinde 2737 martebe kino seanslar korsetilip,ogan 373 mın tamashagoyler katnastı. 1946 jılı 9 orında koshpeli kinolar islegen bolsa, 1952 jılı 29 orında koshpeli kino xvzmeti xalıqqa madeniy xızmet ko`rsetti.

**II-bapta:** O'zbek'stan Respubliksı kinoteatrları tarawlarının` rawajlanıw jolına na`zer salsaq 70-80-jıllarında da xalqımızg`a ma`deniy xızmet ko`rsetiwde aytarlıqtay jetiskenliklerge eriskenin ko`riwge boladı. O`zbekstanda u`shinshi xonadan«O'zbektelefil`m» studiyası du`zildi.

1970-jıl 13-22 mayda – Moskvada Pu`tkil Soyuz IV-kinofestivalg`a o`zbek kinodo`retiwshiligi qatnasıp qaytadı. 15-23 sentyabr` - O`zbekstan paytaxtında Aziya ha`m Afrika ma`mleketleri xalıqaralıq kinofestivalı bolıp o`tedi. 23 fevral` – Margilan qalası kinoteatrında ataqlı negr qosıqshısı Pol Robsonnın` o`miri ha`m do`retiwshiligine arnalg`an fotoko`rgizbe ashıldı. 1971-jıl 10-18 fevral` - Tuwısqan Respublikalardın` hu`jjetli fil`mleri festivalı o`tedi.

1971-jıl 4 iyunnen baslap - Tashkent teleorayında ren`li ko`rsetiwler 40 minut dawam etedi. Usı bag`darlamada O`zbekstan ko`rkem o`ner g`ayratkerlerinin` kontsertin ha`mme tamashago`ylerge usınadı.

1971-jılı – «O`zbekfil`m» kinostudiyası ekrang`a 5 ko`rkem fil`mi shıg`adı. Solardan «Neojidannoe ryadom», «Qarsılasıw», «Muhabbat draması», «Bez straxa, Semurg» fil`mleri ko`rsetildi.

R. Gu'limbetovtin pitkeriw qaniygelik jumisi ma'mleketlik talap standartqa toliq juwap beredi. Bul jumisqa jaqsi baha beremiz.

**Ilimiy basshi :** **dotsent: R.Axmetshin**

**A’jiniyaz atindag’i No’kis Ma’mleketlik pedagogikaliq instituti Tariyx fakultetinin’ IV-a kurs talabasi Gu’limbetov Ruslanbektin’ «O’zbekistan Respublikasinda kino xizmetin ko’rsetiw tariyxi» (XX-a’sirdin’ ekinshi yariminda) temada jazg’an qa’niygelik jumisina**

## SIN

Talaba Gu’limbetov Ruslanbektin’ ilimiy jumisin kirisiw eki bap, to’rt bo’lim, juwmaqlaw ha’m paydalang’an a’debiyatlar diziminen ibarat. Ilimiy jumisinda 1920- jilı A’mwdarya boylap madeniy –bilimlendiriw sawda karwanı sho’lkemlestirilgenligi. Karwan bir keme ha’m bir neshe barjıdan ibarat bolıp, onın’ wazıypsı xalıqqa ma’deniy xızmet ko’rsetiw, gazeta-jurnallar, kitaplar oqıtıwdan ibarat bolg’anin atap o’tti.

Bir axmiyetli waqıyalardan 1936 -jıldan baslap Qaraqalpaqstan ASSRı O`zbekstan SSRının` quramına otiui boldı. 1936 jıldın` 1-yanvarındagı mag’lıwmat boyınsha O`zbekistanda 24 qalalıq ha`m 26 rayonlıq ko`shpeli kinolar xalkımızga xızmet ko`rsetkenligi.

1951- jılı No`kis qalalıq ma`deniy dem alıs bag`ında kolxozshılardın` Birinshi respublikalıq spartakiyadası «Paxtakor» ja`miyeti ta`repinen o`tkerilip xalıqtın` kinog`a bolg`an qızıg`ıwshılıqların esapqa alıp, kinolektoriya sho`lkemlestirildi.

1961 jılı No`kis qalasında 600 orınlıq jazg`ı ken` ekranlı kinoteatr, Moynaqta 500 orıelıq jazgı kinoteatr, No`kis qalasında, Taxiatash, Xojeli, Beruniy qalaları orayında ken` ekranlı, ha`r biri 300 tamashago`yge mo`lsherlengen smetalıq bahası 90 mın` sumlıq kinoteatrlar qurılısı dawam ettirilgenligin ha’m bir qansha mag’liwmatlardi keltirip o’tti .

R.Gu’limbetovtin’ «O’zbekistan Respublikasinda kino xizmetin ko’rsetiw tariyxi» (XX-a’sirdin’ ekinshi yariminda) temada jazg’an qa’niygelik jumisi ma’mleketlik talap standartqa say jazilg’an, talapqa juwap beredi,jaqsi orinlang’an.

**Berdaq atindag’ QMU Tariyx ha’m**
**arxeologiya kafedrasi dotsenti: G. Qaramanova.**